● Къулыкъу

# Щхьэгуэш Адэлбий хуагъэфащэ

**Иджыблагъэ Москва щекIуэкIащ «Урысей зэкъуэт» партым и Генеральнэ советым и президиумым и зэIущIэ. Абы къыщащта унафэм ипкъ иткIэ, Генеральнэ советым и президиумым хэт, Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий аргуэру ягъэувыжащ «Урысей зэкъуэт» Урысейпсо политикэ партым и Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэ зэхуаку зэзыгъэуIу советым и унафэщIу.**



ЩХЬЭГУЭШ Адэлбий 1967 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыщ Анзорей къуажэм къыщалъхуащ. 1991 гъэм КъБКъУ-м тхыдэмкIэ и факультетыр, 2002 гъэм Урысейм Къэрал къулыкъумкIэ и академиер къиухащ. Экономикэ щIэныгъэхэм я кандидатщ.

2007 гъэм дыгъэгъазэм и 2-м УФ-м и Къэрал Думэм и V зэхуэгъэсыгъуэм и депутату хахащ икIи Лэжьыгъэмрэ социальнэ политикэмкIэ комитетым хэтащ. 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 4-м Къэрал Думэм и VI зэхуэгъэсыгъуэм и депутату хахыжащ.

●ЩIалэгъуэ

# Гъатхэр зыгъэдахэхэр



**КъБКъУ-м иджыблагъэ щызэхэтащ «Студент гъатхэ-2012» зэпеуэм и гала-концертыр. Зи гугъу тщIы зэпеуэр, зэрытщIэщи, илъэс къэс университетым щокIуэкI, студентхэм я зэчийр къыщагъэлъагъуэу.**

КЪЫЗЭХУЭСАХЭМ хъуэхъу псалъэкIэ зыхуагъэзащ КъБКъУ-м и ректор Къарэмырзэ Барэсбий, КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмк Iэ и министр Хъыжьрокъуэ СулътIан. Апхуэдэу махуэшхуэм кърихьэлIат КъБР-м ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я IуэхухэмкIэ и къэрал комитетхэм я унафэщIхэу Къумахуэ Мухьэдинрэ Пащты Борисрэ. Зи гугъу сщIахэр гуапэу утыкум кърагъэблэгъащ, зэпеуэм увыпIэ нэхъыщхьэ къыщызыхьахэм ехъуэхъуну.

«Студент гъатхэ-2012»-м япэ увыпIэр къыщихьащ экономикэ факультетым, етIуанэр - медицинэ колледжым, ещанэ увыпIэр хуагъэфэщащ филологхэм. ТекIуахэм яхуэупсащ Урысейм и щIыпIэ нэхъ дахэхэм, тенджыз ФIыцIэм и Iуфэм, Iуащхьэмахуэ лъапэ зэрызыщагъэпсэхуну путёвкэхэмкIэ. Абыхэм нэмыщI, ректорым фIыщIэ яхуищIащ зэпеуэр къызэгъэпэщыным зи къарурэ зэфIэкIрэ хэзылъхьахэм.

Студент гъащIэр зэрыгъэщIэгъуэным и щыхьэтщ гъэ еджэгъуэм къриубыдэу университетым щекIуэкI зэпеуэ зэхуэмыдэхэр. Абыхэм ехъулIэныгъэ къыщызыхьа куэдым я цIэ кърииIуащ Къарэмырзэ Барэсбий. Абыхэм ящыщщ «Брейн-ринг» джэгур. Абы нэхъыфIу зыкъыщагъэлъэгъуащ экономикэ, юридическэ факультетхэм, социально-гуманитарнэ институтым я студентхэм.

Саугъэтхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ иратащ КъБКъУ-м и цIэр спортымкIэ жыжьэу зыгъэIуа студентхэми, дуней псом къыщацIыхуахэу Джэданэ Алим, Мудрэн Беслъэн, Къущхьэ Инал, КъардэнгъущI Ибрэхьим, Сэхъу Ислъам, Гериев Азэмэт, спортымкIэ гъэсакIуэ нэхъыфIу ялъыта Тен Алий сымэ.

Къарэмырзэ Барэсбий фIыщIэ яхуищIащ студент пажэхэм икIи къыхуриджащ дяпэкIи лъагапIэщIэхэм хуэпабгъэрэ я мурадхэр къехъулIэу щIалэгъуэ гъащIэм хэтыну.

Пшыхьыр ягъэдэхащ фестивалым нэхъ гукъинэ щащыхъуа теплъэгъуэхэм. Абыхэм ящыщт уэрэджыIакIуэ Гамзатовэ Фаридэ, Алмэ Марьянэ, Чекаевэ Зухра, МахуэлI Заринэ, Сыжажэ Оксанэ, Абдуллаевэ ФатIимэ сымэ, медицинэ колледжым я къэфакIуэ пщащэ цIыкIухэм я утыку итыкIэр, филологие институтым игъэува, философие гупсысэ зыщIэлъ «ЦIыхум сыт хузэфIэкIынур?» теплъэгъуэр, гушыIэ защIэу зэхэлъ пычыгъуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Махуэшхуэм кърихьэлIа студентхэм, егъэджакIуэхэм гурэ псэкIэ загъэпсэхуауэ, ялъэгъуахэм, ягу ирихьахэм тепсэлъыхьрэ къыкIэлъыкIуэну зэпеуэхэр къызэрызэрагъэпэщыну щIыкIэхэри яубзыхуу зэбгрыкIыжащ.

**ЩОДЖЭН Iэминат.**



*Сурэтхэр* **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Гъуэгу къежьапIэ

# ЩIалэгъуалэм я екIуэлIапIэ

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм къыщызэIуахыну я мурадщ Iуэху куэдым телажьэ щIалэгъуалэ центр. Абы хэтынущ ныбжьыщIэхэм хэкур фIыуэ ялъагъуу гъэсэнымкIэ, дзэ къулыкъум хуэгъэхьэзырынымкIэ центр, студент гупхэм я штаб, хьэрычэт Iуэхум зегъэужьыным теухуа чэнджэщэгъу-хъыбарегъащIэ центр, творческэ жэрдэмхэмкIэ центр, нэгъуэщIхэри.**

IУЭХУЩIАПIЭР здэщыIэнур Налшык Тэрчокъуэм и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №19-рщ. Иджыпсту ар зэрагъэпэщыж, пщIантIэр зэIузэпэщ ящI.

Гъэ кIуам апхуэдэ центрхэр къыщызэIуахауэ щытащ Бахъсэн, Iуащхьэмахуэ муниципальнэ районхэм. Абыхэм я лэжьыгъэм къегъэлъагъуэ мыпхуэдэ IуэхущIапIэхэр икъукIэ зэрысэбэпыр, ахэр псынщIэу щIалэгъуалэм я екIуэлIапIэ зэрыхъур.

**ШЫГЪУШЭ Хьэбалэ.**

● Зэманым и нэщэнэхэр

# Къуажэ къэс - езым и сайт

**Бахъсэн муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм къищта унафэм ипкъ иткIэ, къуажэ администрацэ псоми езыхэм я официальнэ сайтхэр къызэIуахынущ.**

ИЖЬ ЗЭМАНЫМ муниципалитетым иригъэкIуэкI хъыбарегъащIэ лэжьыгъэр хуэунэтIащ интернетым и иджырей Iэмалхэр нэхъ зыубгъуауэ къэгъэсэбэпыным. Къапщтэмэ, район администрацэм и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн езым и блог мазаем къыщызэIуихащ «Живой журнал» хостингым (http://hasansijajev.livejournal.com/), районым и официальнэ сайтри къагъэщIэрэщIэжащ. Абы иралъхьащ куейм и щIыпIэ нэхъ дахэхэм щытраха слайдхэр. Сайтым зэпымыууэ щыгъуазэ зыщыпщI хъунущ щIэуэ районым къыщыхъухэм. Апхуэдэу куей администрацэм и пресс-IуэхущIапIэм и жэрдэмкIэ районым теухуа видеоролик трахащ.

Нобэм ирихьэлIэу районым и къуажэ администрацэ 13-м ящыщу интернетым 6-м зыщрагъэтхащ. Иджыпсту езыхэм я сайтхэр яIэжщ Къулъкъужын Ищхъэрэ, Ислъэмей, Бахъсэненкэ, Зеикъуэ, Псыхъурей, Кременчуг-Константиновскэ къуажэ жылагъуэхэм я администрацэхэм. Адрей къуажэ жылагъуэхэм я администрацэхэми езыхэм я сайтхэр бадзэуэгъуэм фIэмыкIыу къызэIуахынущ.

**АЛОКЪУЭ Аринэ.**

● ТекIуахэр

# «Дыщэ пкъо»

**«Къэббалъкъэнерго» ОАО-м гуфIэгъуэ дауэдапщэхэр щекIуэкIащ энергиер къэзыгъэсэбэпхэм я деж гъэ къэс къыщызэрагъэпэщ «Дыщэ пкъо» конкурсым щытекIуа IуэхущIапIэ 12-м наградэхэр зэрыратым теухуауэ.**

МЫ ЗЭПЕУЭМ хиубыдэу ягъэпажэ энергием и уасэр и пIалъэм зытхэр, щIыхуэ зытезымыгъахуэхэм, энергиер къэгъэсэбэпынымкIэ зэгурыIуэныгъэм къигъэувхэр дагъуэншэу зыгъэзащIэхэр, энергиер къыдэзыгъахуэ технологиехэр щIэгъэкъуэн къэзыщIхэр.

«Къэббалъкъэнерго» акционер зэгухьэныгъэ зэIухам «Промышленнэ предприятэхэр» Iыхьэм хиубыдэу Бахъсэн къалэм щыщ «Агропромнеруд» фирмэр (унафэщIыр Джэрыджэ Хьэутийщ), бюджет IуэхущIапIэхэм ящыщу Май къалэм дэт курыт школ №5-р (унафэщIыр Чепурная Людмилэщ), «Хьэрычэт IуэхущIапIэ мыин» Iыхьэм хиубыдэу Тырныауз къалэм дэт «Виктория-плюс» тыкуэныр (унафэщIыр Сарбашев Юсуфщ), «Мэкъумэш предприятэхэр» Iыхьэм хиубыдэу «Заря» мэкъумэш IуэхущIапIэр (унафэщIыр Османов Керимщ) хэхауэ игъэпэжащ.

**ДЫДЖЭШ Хьэрун.**

● Щапхъэ

# Дзэлыкъуэдэсхэм къыхалъхьэ

**Дзэлыкъуэ куейм щыIэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IуэхущIапIэхэм лэжьыгъэшхуэ щокIуэкI сабийхэр спортым дегъэхьэхыным хуэгъэпсауэ. Абыхэм я жэрдэмщIакIуэщ Нэгумэ Лейла и унафэщIу куейм егъэджэныгъэмкIэ щыIэ IуэхущIапIэр. Иджыблагъэ щIыпIэм къыщызэрагъэпэщащ апхуэдэ зэхьэзэхуэ хьэлэмэт. Абы хэтащ сабий садхэм я гъэсэн нэхъыжь цIыкIухэр.**

МАХУИТIКIЭ екIуэкIа зэхьэзэхуэм школ кIуэгъуэ ныбжьым нэсахэр щызэпеуащ жэнымкIэ, лъэнымкIэ, пшахъуэ зэрылъ къэп цIыкIухэр дзынымкIэ. ЦIыкIухэм я зэфIэкIхэр здынэсым кIэлъыплъащ икIи нэхъ жыджэрхэр къыхигъэщащ егъэджэныгъэмкIэ куей IуэхущIапIэм сабий садхэмкIэ и методистыр, физкультурэмкIэ егъэджакIуэхэм я куей методикэ зэгухьэныгъэм и пашэр, школ кIуэгъуэ ныбжьым нэмыса цIыкIухэм щадэлажьэ щIыпIэ центрым и лIыкIуэхэр зыхэт къэпщытакIуэ гупым.

Зэхьэзэхуэ хьэлэмэтым зэфIэкI лъагэхэр къыщызыгъэлъэгъуа гупхэм ящыщщ Сэрмакъ къуажэм дэт курыт школ №3-м къепхауэ лажьэ сабий садым и гъэсэнхэр. А цIыкIухэм япэ увыпIэр къахьащ. Ахэр спартакиадэм хуагъэхьэзыращ физкультурэмкIэ егъэджакIуэ Къардэн Риммэрэ гъэсакIуэ нэхъыжь Мэлей Iэнусэрэ. Зэпеуэм 2-нэ щыхъуащ Шордакъ курыт школым и сабий садым и гъэсэнхэр. Светловодское жылэм я лIыкIуэ сабий гупым 3-нэ увыпIэр хуагъэфэщащ.

ТекIуахэр ягъэпэжащ егъэджэныгъэмкIэ куей IуэхущIапIэм къыбгъэдэкI щIыхь тхылъхэмкIэ.

**ХЬЭМТУ МуIэед.**



**Къардэн Риммэрэ Мэлей Iэнусэрэ куейпсо зэпеуэм щытекIуа я гъэсэнхэу** (*сэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ*) **ХьэшкIул Астемыр, Хьэмту Альберт, Джыджий Сабинэ, ХьэшкIул Нурмухьэмэд сымэ я гъусэу.**

● Тыгъэ

# ЦIыкIухэр ягъэгуфIэ

**Урысейм и таможнэ IэнатIэхэм хабзэ яхуэхъуауэ къэрал социальнэ IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, абы сабий реабилитацэ центрхэр, сабий унэхэмрэ интернатхэмрэ хыхьэу, сыт и лъэныкъуэкIи защIагъакъуэ. А Iуэхугъуэм ипкъ иткIэ таможеникхэм щыгъынхэр, зэрыджэгу хьэпшыпхэр гъащIэм и щытыкIэ гугъум къихута сабийхэм Iэрагъэхьэ.**

САБИЙХЭР хъумэным и дунейпсо махуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и таможенэ гупым Налшык къалэ дэт республикэ «Сабий унэм» и гъэсэн цIыкIухэм зэрыджэгу хьэпшыпхэр хуашащ. Абыхэм ящIыгъущ хьэпшыпхэм я фIагъым, сабийхэм я узыншагъэмкIэ абыхэм шынагъуэ зэрапымылъым щыхьэт техъуэ тхылъхэр.

**КIАСЭ Динэ.**



● Гулъытэ

# Сыт щыгъуи

**Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэм и къуэдзэ, МВД-м и Следственнэ управленэм и унафэщI, полицэм и полковник АфэщIагъуэ Мухьэрбий хэтащ «КъБР-м и хъыбарыщIэхэр» телеканалымрэ Юрист ныбжьыщIэхэм я советымрэ сабий сымаджэхэм защIэгъэкъуэным теухуауэ ирагъэкIуэкIа псапащIэ Iуэхум.**

- ИДЖЫРЕЙ зэман къызэрымыкIуэм щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ гъащIэм и щытыкIэ гугъум къихутахэм защIэгъэкъуэныр дэтхэнэ зы цIыхуми и къалэнщ. КъБР-м щыIэ МВД-м Нартан дэт еджапIэ-интернатым илъэс куэд хъуауэ и нэIэ тетщ, полицэм и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я сабийхэм сыт и лъэныкъуэкIи защIегъакъуэ. Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-майор Васильев Сергей а унэтIыныгъэм сыт щыгъуи гулъытэ хуещI, - къыхигъэщащ АфэщIагъуэм.

**ДЖЫРАНДОКЪУЭ Маринэ.**

● Утыку

# УпщэфIэну тыншу фимыгугъэ



**Сабийхэм я зыгъэпсэхупIэ, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ «Лэгъупыкъу» центрым щекIуэкIащ КъБР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм и унафэм щIэт IуэхущIапIэхэм я пщафIэхэм я зэхьэзэхуэ. Ар къызэрагъэпэщат Социальнэ лэжьакIуэм и махуэм ирихьэлIэу.**

КЪЭПЩЫТАКIУЭ гупым хэтащ министерствэм и лIыкIуэхэмрэ «Ридада» рестораным и пщафIэ нэхъыщхьэ Нэгъуей Мадинэрэ. Зэпеуэм хэтыну къызэхуэсахэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ КъБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Къущхьэ Равидэ. Ар зи махуэр зыгъэлъапIэхэм гуапэу ехъуэхъуащ икIи къапэщыт Iуэхум ехъулIэныгъэ щызыIэрагъэхьэну зэригуапэр къыхигъэщащ.

Зэхьэзэхуэм гупи 8 хэтащ. Абыхэм я зэфIэкIыр лъэныкъуэ зыбжанэкIэ къалъытащ: пщэфIэным зэрызыхуагъэхьэзыр, шхыныгъуэм и IэфIагъыр, абы халъхьахэр зэрызэзэгъыр, плъыфэхэр зэрызэхуэкIуэр, я IэкIуэлъакIуагъэр.

Зэпеуэм хэтхэм ирата зэман кIэщIым къриубыдэу Iэнэхэр сыт и лъэныкъуэкIи зыхуей хуэзэу къаузэдат. Зыр зым емыщхьу ягъэхьэзыра шхыныгъуэхэм я нэхъыфIыр, нэхъ дахэр, нэхъ IэфIыр къыхэпхыну тынштэкъым. КъэпщытакIуэ гупыр куэдрэ зэчэнджэщащ япэ увыпIэхэр зыхуагъэфэщэнур къыхахын и пэ къихуэу.

Апхуэдэу зэхьэзэхуэм нэхъыфI дыдэу къыщалъытащ, министерствэм и ЩIыхь тхылърэ сом мини 10 хъу саугъэтрэ иратащ зи зыужьыныгъэкIэ адрейхэм къакIэрыху сабийхэр щапI Налшык интернатым. ЕтIуанэ хъуащ Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэщIэнымкIэ Тэрч районым щыIэ къэрал IуэхущIапIэр. Абы хуагъэфэщащ министерствэм и ЩIыхь тхылърэ сом мини 5-рэ. Ещанэ увыпIэр, дипломрэ сом мини 3-рэ иратащ Социальнэ Iуэхутхьэбзэхэр цIыхухэм яхуэщIэнымкIэ Май районым щыIэ къэрал IуэхущIапIэм.

**ШЫФЭКЪУЖ Синэ.**

● «Нур» журналыр

# Псори щIэщыгъуэщ

**«Нур» сабий журналым мы гъэм и етхуанэ къыдэкIыгъуэр дунейм къытехьащ. Ар къызэIуех КIыщокъуэ Алим итха «Сэлэт шырыкъу» усэ цIэрыIуэмкIэ.**





ТХАКIУЭ Журт Биберд мы гъэм илъэс 75-рэ ирикъунут. Журтыр зэманыфIкIэ «Нурым» щылэжьащ, и тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэ куэди къытехуащ. Журналым тридзащ Биберд и IэдакъэщIэкIхэм ящыщ.

АдэкIэ тетщ Мыкъуэжь Анатолэ и «Мамэ», «СогъэщIагъуэ» усэхэр, макъамэтх Жылау Арсен и гъусэу итха «Жей, си IэфI» уэрэдыр.

«Нурым» щIэх-щIэхыурэ тредзэ нэгъуэщI лъэпкъхэм я таурыхъ цIыкIухэр. Мы къыдэкIыгъуэм тетщ абхъаз таурыхъхэр, Хьэту Петр зэридзэкIауэ.

Журналыр къыдэкIын зэрыщIидзэрэ мы гъэм илъэс 30 ирокъу. Абы и саулыкъукIэ «Нурым» и лэжьакIуэхэр еджапIэхэм, библиотекэхэм ирагъэблагъэурэ, зэIущIэ гъэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкI. Псалъэм папщIэ, апхуэдэ зэIущIэ щекIуэкIащ Налшык дэт сабий библиотекэ №5-м. Абы хэтащ Налшык къалэ и 18-нэ, 28-нэ еджапIэхэм щIэс цIыкIухэр. ЗэIущIэ гукъинэжт Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-м щыIари. Журналым мы къыдэкIыгъуэм тридзащ Нарткъалэ щекIуэкIа зэIущIэм нэхъ жыджэру хэта цIыкIухэм я сурэтхэмрэ «Адыгэбзэр я псэм хэлъу» тхыгъэмрэ.

Сабий тхакIуэ цIэрыIуэ Чуковский Корней и «Барэбэч», «НауIуцэрэ МэIуцэрэ» усэхэр Дыкъуэ Бэч зэридзэкIауэ тетщ журналым.

АдэкIэ мыбы къыщывгъуэтынщ мазэм ехьэлIа псалъэхэр, къуажэхьхэр, псалъэжьхэр, нэщэнэхэр, Хьэту Петр и «Мазэ ныкъуэ» усэр.

Журналым тридзащ адыгэ тхыпхъэщIыпхъэхэм я сурэтхэмрэ абыхэм ехьэлIауэ КъардэнгъущI Зырамыку итхауэ щыта тхыгъэмрэ.

ЩIы хъурейм щынэхъ бгы лъагэ дыдэхэм ятеухуащ Чэруан Хьэту игъэхьэзыра тхыгъэ цIыкIур. Абы фигъэцIыхунщ бгы лъагэхэр. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщIэ, Гималаи бгыхэр, зи щыгум уэсымрэ мылымрэ зэи щымыткIужхэр.

Иужьрей напэкIуэцIым тет псалъэзэблэдзыр зытеухуар жыгыцIэхэрщ.

**АБЗУАН Пщымахуэ.**

● Хэкупсэхэр

# Щоджэн Берсис фыдэплъей



**Адэжь щIыналъэ... Адэжь Хэку... Абы зи гур хузэIуха цIыху ущрихьэлIэкIэ, гукъыдэж къыпхелъхьэ. Нэхъ телъыджэжри?! Апхуэдэ цIыхур Хэкум пэIэщIэрэ, абы псэкIэ къыщыхуэпабгъэм деж иIэ щытыкIэрщ. Хэкур еджэ зэпытщи, а джэ макъым - псэхугъуэ езымытым, ауэ икIи и гур къизыгъэгуфIыкIым - къыкIэлъыкIуатэ зэпытщ. Зэ къокIуэжри, абы и ужькIэ къытримыгъэзэнкIэ Iэмал зимыIэщ. Апхуэдэщ Хэку лъагъуныгъэм и къарур.**

АР ЗИ ДЕЖ щыплъагъухэм ящыщщ Щоджэн Берсис. 1978 гъэм ар къыщалъхуащ Тыркум щыщ Мэрэшлы къуажэм. Иджыпсту Истамбыл щопсэу. Берсис къуэшитIрэ шыпхъуитIрэ иIэщ. Абы и адэшхуэм и адэ Гъумарт Хэкум икIауэ щытар. 1869 гъэм Шэрэдж икIри, Мэчэм хьэжыщI кIуати, абы къэнащ, и унагъуэр и гъусэу.

- Щоджэн Гъумар и къуэ Мырзэбэч, Мырзэбэч и къуэ Ихьсан, Ихьсан и къуэ Исмэхьил срикъуэщ сэ, - жеIэ Берсис. Ар япэу Хэкум къыщихьэжар 2007 гъэрщ. Лъагъуэ къыпхишыжащи, иджы щIэх-щIэхыурэ къокIуэж. КъехъулIэмэ, къэIэпхъуэжыпэнуи и хъуэпсапIэщ.

Хэкум пэIэщIэу къэхъуами, Берсис адыгэбзэкIэ хуиту мэпсалъэ икIи матхэ:

- СыщыцIыкIум, унагъуэр адыгэбзэт дызэрызэпсалъэр. Тыркубзэр щIагъуэу тщIэртэкъым. ЕджапIэм кIуэн щыщIэздзам, си тыркубзэр ирикъуртэкъым. ЕгъэджакIуэм жиIэхэр тэмэму къыдгурыIуэртэкъым, дэ жытIэхэри абы къыгурыIуэртэкъым. ИтIанэ абы къыджиIащ: «ДяпэкIэ еджапIэм адыгэбзэкIэ фыщыпсалъэ хъунукъым. Унэми аращ - тыркубзэщ фызэрызэпсэлъэн хуейр. Ар фи адэ-анэхэми яжесIэнущ». Абы дыхуейтэкъым сэри, си къуэш-си шыпхъухэри, дэ тхуэдэ ди къуажэгъу сабийхэри... Сытми, егъэджакIуэм жиIар куэдым дгъэзэщIакъым. Сэ къуажэ еджапIэр къэзухыху, унэм тыркубзэкIэ дыщызэпсэлъакъым, ауэ еджапIэм адыгэбзэкIэ дыщыпсэлъэну хуит дащIакъым.

Хамэ лъэпкъ ухэсу уи бзэр пхъумэжыныр тыншкъым. Ауэ ари гъащIэм къигъэув гъэунэхупIэщ, гъэунэхупIэ ткIийщ. Щоджэнхэ я унагъуэм яхъумащ бзэр - захъумэжащ езыхэм. Абы теухуа гукъэкIыжхэр иIэщ Берсис...

- Къалэм сыщыщеджэм, тырку ныбжьэгъухэр куэду сиIэ хъуащ, тыркубзэр нэхъ къэдгъэсэбэпын хуей хъурт. АдыгэбзэкIэ сызэпсэлъэн ныбжьэгъу сиIэтэкъым, сызыхэтхэми адыгэбзэр щIагъуэу ящIэртэкъым... Ауэрэ си адыгэбзэ дахэр и лъабжьэм сфIэкIуэ хъуащ. Ар си жагъуэт. Анкара щыIэ Адыгэ Хасэм сыкIуауэ, абы «Адыгэбзэ» тхылъ щыслъэгъуати, къэсщэхури, сэр-сэру тхэкIэ, еджэкIэ зэзгъэщIащ. АдыгэбзэкIэ тхауэ сыт къысIэрыхьэми, абыхэм макъкIэ сыкъеджэурэ, адыгэ уэрэдхэм седаIуэурэ, сызыхуэзэ адыгэхэм сепсэлъылIэурэ, си анэдэлъхубзэр нэхъыфI хъужащ.

Щоджэн Берсис уэчылщ. Истамбыл щолажьэ. Ауэ... Адыгэгум лэжьыгъэ IэнатIэ къудейкIэ зигъэнщIрэ?! Абы и гур егъафIэ Хэкум пыщIа IуэхугъуэхэмкIэ. Берсис пшынэ йоуэ, адыгэ макъамэхэри къегупсысыф. Абы лъэпкъым нэхъ пэгъунэгъу ещI.

- Макъамэ зэхызолъхьэ жысIэну пасэщ иджыри. Зэхэслъхьар мащIэщ, иныкъуэхэри ныкъуэтхщ, - жеIэ абы.

Хэкум и куэщI исыну мащIэщ къызэрыхуихуэр Берсис. А мащIэри лъапIэщ абы и дежкIэ. Абы зэрыжиIэмкIэ, Хэкур игу зэи ихуркъым, Хэку лъагъуныгъэм и къару лъэщым къытекIуэн гурыщIи щыIэкъым.

**ГУГЪУЭТ** Заремэ.

● Зэпеуэ

# Хэт и пщIантIэр нэхъ дахэ



**Бахъсэн муниципальнэ районым и Iэтащхьэ Сыжажэ Хьэсэн и жэрдэмкIэ ирагъэкIуэкIащ «Школ пщIантIэ нэхъ екIу-2012» зэпеуэ.**

ШКОЛХЭМ я унафэщIхэмрэ еджакIуэхэмрэ мазитIым щIигъукIэ елэжьащ еджапIэхэм я пщIантIэхэр зыхуей хуэгъэзэным. ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт курыт школ №1-м и еджакIуэхэм езыхэм я ахъшэкIэ пщIантIэм щагъэувыну тетIысхьэпIэхэр, зыхуеину нэгъуэщI материалхэр къащэхури, урокхэр яуха нэужь лажьэурэ, пщIантIэр зэIузэпэщ ящIащ. Куба къуажэм дэт школ №1-м щылажьэ цIыхухъухэмрэ класс нэхъыжьхэм щIэс щIалэ цIыкIухэмрэ еджапIэр къахухьащ, егъэджакIуэ цIыхубзхэмрэ хъыджэбз цIыкIухэмрэ зекIуапIэхэр плитакIэ къращIыкIащ.

Школ щIагъуэ къэнакъым удз гъэгъахэр, жыгхэр щыхамысауэ, тетIысхьэпIэхэр щамыгъэувауэ.

«Районым и еджапIэхэм ипэжыпIэкIэ лэжьыгъэшхуэ щрагъэкIуэкIащ. ЕгъэджакIуэхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ удз ежьужьхэр къыщыкIыу щыта пщIантIэхэр екIуу зэщIэкъуа зыгъэпсэхупIэ ящIын яхузэфIэкIащ», - жиIащ район администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ Къэнэмэт Рустам.

Зэпеуэм кърикIуахэр къэзыпщытэжа комиссэм япэ увыпIэр яхуигъэфэщащ ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт прогимназиемрэ Кыщпэк къуажэм дэт школым хиубыдэ сабий садымрэ. Абыхэм дэтхэнэми сом мини 100 иратащ. ЕтIуанэ увыпIэмрэ сом мин 50-рэ къылъысащ Куба къуажэм дэт курыт школ №1-м. ХьэтIохъущыкъуей къуажэм дэт курыт школ №1-м, ещанэ увыпIэр къэзыхьам, сом мин 20 иратащ.

**АЛОКЪУЭ** Аринэ.
*Бахъсэн къалэ.*

●Пшыхьхэр

# Хэхэс адыгэхэм я пшыналъэ



**Сирием къыщылыда мафIэм зи щхьэр къыхэзыхыжу адэжь щIыналъэм къэзыгъэзэжа ди лъэпкъэгъухэр хэкурысхэм яхэсыхьыжынымкIэ, я дэфтэрхэр зыхуей хуэзэу зэфIэгъэхьэнымкIэ дэIэпыкъуэгъу мэхъу республикэм и къулыкъущIапIэхэри, IуэхущIапIэ зэхуэмыдэхэри. Къалэн пыухыкIахэр зи пщэ къыдэхуэхэм ящыщщ Дунейпсо Адыгэ Хасэр. Абы зэфIигъэкIхэм къадэкIуэу, накъыгъэм и 21-м, Адыгэхэм я фэеплъ махуэм, ирагъэхьэлIэри, ди лъэпкъэгъухэм папщIэ пшыхь дахэ къыщызэрагъэпэщащ ЩэнхабзэмкIэ фондым.**

АДЭЖЬ лъахэм зи псэр пэIэщIэу, зи нэр къыхуикIыу псэу хэхэсхэм яуса уэрэд-гъыбзэхэр, усэхэр къыщыIуа пшыхьым хэтащ иджыблагъэ СХЬР-м къикIыжа гуп зэрыIыгъым и тхьэмадэхэу **ЛIэужь Фарукъ, Понэж Яшар, Алшаркас Шэукэт** сымэ, абыхэм ящIыгъу щIалэгъуалэр, бзылъхугъэхэр, «Адыгэ унэ» тыкуэн-музейм и унафэщI **ИутIыж Мэжид,** «Пэрыт» хасэм и тхьэмадэ **Стащ Ахьмэд,** Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу советым и унафэщI **Къалмыкъ Жылэбий,** Репатриантхэм я хасэм и тхьэмадэ **Абеикъуэ Шухьэиб,** нэхъ пасэу хэкум къагъэзэжауэ щыпсэу унагъуэхэр, ахэр къезыгъэблэгъэж хэкурысхэр.



Пшыхьыр езыгъэкIуэкIа Къанкъул Ислъамрэ Хъуп Марианнэрэ жаIащ къэрал зэхуэмыдэхэм ис ди лъэпкъэгъухэм я щIэблэу къэзыгъэзэжахэмрэ ди артист пажэхэмрэ зы утыку къызэдрашэу, хамэ щIыпIэ щыпсэухэм адэжь щIыналъэм теухуауэ ятха усэхэр, уэрэдхэр, пшыналъэхэр адыгэ щэнхабзэм и Iыхьэ зэрыхъуэжар, ахэр сакъыу яхъумэу иджырей зэманым къызэрысар къагъэлъэгъуэну я мураду, «Хэхэс адыгэхэм я пшыналъэ» зыфIаща пщыхьэщхьэр ДАХ-м и жэрдэмкIэ къызэрызэрагъэпэщар. Пшыхьыр зэпэщу, гукъинэжу егъэкIуэкIыным я гуащIэ халъхьащ ДАХ-м и IуэхущIапIэм и унафэщI Мыкъуэжь Арсен, абы и лэжьакIуэ Нанэ Лерэ, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Исполкомым хэт Ныбэжь Таисэ сымэ.

УФ-м щIыхь зиIэ и артист Ташло Алий а пщыхьэщхьэм игъэзэщIащ ТIэш Хьэмидрэ (Сирие) Даур Аслъэнрэ зэдатха «Iуащхьэмахуэ» уэрэдыр, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Зеущэ Iэуес жиIащ «Си дахэкIей» (Къущхьэ Догъан) уэрэдыр. Апхуэдэу Куэцэ Хьэсэнрэ Хьэрэдурэ Динэрэ зэдатха уэрэдым къызэхуэсахэр иригъэдэIуащ Аслъэн Iэсият. ИлъэсищэкIэ екIуэкIа лъапсэрых зауэм и Iэужьу Хэкур зрагъэбгынахэм яуса «Хьэжрэт гъыбзэ», «Хьэжым и сарыкъ», «ХьэпащIэ и уэрэд», «ПсыикIыж гъыбзэ», «ИстамбылакIуэ» уэрэдхэр жаIащ Мамхэгъ Анжелэ, Беслъэней Ренатэ, Хьэкъул Оксанэ, КъБКъУ-м и «Стимул» уэрэджыIакIуэ гупым. Адыгэ лъэпкъым и нэгу щIэкIа куэдым я щыхьэт шыкIэпшынэм макъамэ телъыджэхэр къригъэкIащ Иуаз Зубер, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист Къуэдз Iэбубэчыр и гъэсэн ныбжьыщIэ гупыр пшынэ еуащ, апхуэдэуи Сирием къыщалъхуа Сосмакъ Мухьэмэд адыгэ пшынэр дахэу игъэбзэрэбзащ. Налшык щеджэ студенткэ Андбэ Ниляй «Хьэтау» уэрэдыр жиIащ, а макъамэр я Iэмэпсымэхэм кърагъэкIащ ДжэгуакIуэ Энисрэ Елдыз Эмирхъанрэ.



Хэхэс гъащIэр натIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъухэм ящыщу Хъунэгу Надие, Ансыкъуэ Зулфикъар, Инэмыкъуэ Мулид сымэ я усэхэм къеджащ Сирием къикIыжахэм ящыщ щIалэгъуалэр.

Абыхэм уедэIуа, адыгэбзэм, лъэпкъ IуэрыIуатэм, пшыналъэхэм, уэрэдыжьхэм я кууагъым, я мыхьэнэм уегупсыса нэужь, дунейм и щIыпIэ куэдым зэкъуэчауэ щыпсэу адыгэхэр зы лъэпкъыу къызэтенэнымкIэ, зэрыгъуэтыжынымкIэ абыхэм яхэлъ къарум мыхьэнэшхуэ зэриIэр уи фIэщ мэхъу.

ЗэIущIэм кърихьэлIа Къалмыкъ Жылэбий пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ яхуищIащ икIи я анэдэлъхубзэмкIэ усэ къеджэным, уэрэд жыIэным, лъэпкъ макъамэ Iэмэпсымэхэм еуэным щIалэгъуалэ нэхъыбэ дихьэх зэрыхъуам зэрыщыгуфIыкIыр, апхуэдэ щIэблэ зиIэ лъэпкъым иджыри къару мымащIэ къызэрызыкъуихыфынур и фIэщ зэрыхъур къыхигъэщащ. Пщыхьэщхьэр къызэзыгъэпэщахэми, абы уэрэд щыжызыIахэми, Iуэху дахэр зэхэшэныр зигу къэкIахэми псалъэ гуапэхэр яжриIащ Абеикъуэ Шухьэиб. Апхуэдэуи Мыкъуэжь Арсен къытеувыIащ адыгэм къикIуа гъуэгуанэр зэрыкIыхьым, и тхыдэр зэрыкуум, гузэвэгъуэ куэд и нэгу зэрыщIэкIам. Ауэ гуауэм ухуеплъэкIыж зэпыту упсэу зэрымыхъунур, лъыкIэ, къуэпскIэ, гупсысэкIэ быдэу зэпыщIа лъэпкъым и къэкIуэнум пшыналъэ макъыр къыщыIу дуней дахэу зэрызиузэщIыжынур и фIэщ зэрыхъур къыхигъэщащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ** Замирэ.



*Сурэтхэр* КЪАРЕЙ *Элинэ трихащ.*

● Щэнхабзэ

# Украинэри къыдахьэх

**«Шапсыгъ» цIыхубэ ансамблымрэ «Мрия» уэрэджыIакIуэ гупымрэ Украинэм щекIуэкIа Дунейпсо IуэрыIуатэ фестивалым и лауреат хъуащ.**

- УКРАИНЭМ мызэ-мытIэу дыщыIами, абы и щIыуэпс дахэм димытхьэкъуу, я цIыху нэфIэгуфIэхэр дигу дэмыхьэу зэи къэхъуакъым, - жеIэ ЩэнхабзэмкIэ адыгэ центрым и унафэщI Хеишхуэ Руслан.

Хмельницкэ областым хыхьэ Каменец-Подольский къалэм и махуэр хуагъэлъэпIэну, «Остров семи сокровищ» дунейпсо IуэрыIуатэ фестивалым хэтыну накъыгъэм «Шапсыгъ» къэфакIуэ гупымрэ «Мрия» уэрэджыIакIуэ гупымрэ ягъэкIуат Сочэ къалэм и лIыкIуэхэу. Абыхэм мылъкукIэ зыщIагъэкъуащ Краснодар крайм и администрацэмрэ тенджыз ФIыцIэм Iус адыгэхэм я Хасэмрэ.

- Къалэм и махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэща зэхыхьэмрэ илъэс еханэ хъуауэ ирагъэкIуэкI фестивалымрэ цIыхушхуэ зэхуашэсат, - жеIэ Хеишхуэ Руслан. - Утыку къихьэрт Европэ псом къикIа къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ гупхэр. Дэ ди пщэ къалэнышхуэ дэлът, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ Урысейм къыбгъэдэкIыу ди закъуэт щыIэр, абы къыхэкIыуи дэ дыхуейт псом нэхърэ нэхъыфIу зыкъэдгъэлъэгъуэну.

ХьэщIэхэм а махуэхэм я нэIэ къытрагъэтащ Каменец-Подольский къалэм и администрацэм щэнхабзэмкIэ и IуэхущIапIэм и унафэщI Чернобыль Ольгэ, Львов къалэ УФ-м щиIэ генеральнэ консульствэм и атташе, консулым и дэIэпыкъуэгъу Матько Сергей сымэ.

- КъызэрыщIэкIамкIэ, Матько Сергей къыщалъхуари къыщыхъуари Сочэ къалэрщ, - пещэ Хеишхуэ Руслан и псалъэм. - КъищынэмыщIауэ, Сергей фIы дыдэу хещIыкI адыгэхэм я щэнхабзэм. Ар илъэситIкIэ Адыгэ Республикэм щыIащ Краснодар крайм и лIыкIуэу.

- Фестивалым дэ къафиплI щыдгъэзэщIащ, «ЗэхуэкIуэ», «Убых къафэ» жыпIэми. Ахэр дэнэ щыдгъэлъагъуэми, гъэщIэгъуэныщэ ящохъу.

Фестивалыр гуапэу къыIущIащ Линеенкэ Маринэ зи унафэщI «Мрия» уэрэджыIакIуэ гупми.

**НЫБЭ** Анзор.



● ЕджапIэ нэхъыщхьэм

# Филологым и махуэ

**Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ щагъэлъэпIащ Филологым и махуэр. Ар ирагъэхьэлIат а еджапIэ нэхъыщхьэр, апхуэдэу абы и къудамэ нэхъыжьхэм ящыщ зыр - ФилологиемкIэ институтыр - къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 80 щрикъум.**

ПШЫХЬЫР езыгъэкIуэкIхэм къызэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ институтыр зэрызэфIэува щIыкIэр. Нэхъапэм ар литературнэ факультету щытащ. РСФСР-м и Правительствэм и УнафэкIэ 1932 гъэм къызэрагъэпэща Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал пединститутым лъабжьэ хуэхъуар литературнэ, физико-математикэ, биологие факультетхэрщ. Нобэ ФилологиемкIэ институтыр университетым и къудамэ нэхъ инхэм ящыщщ, абы хохьэ кафедрэ 11.

ФилологиемкIэ институтым сыт щыгъуи хуэдэу, мы гъэ еджэгъуэми ехъулIэныгъэфIхэр зыIэригъэхьащ. Псалъэм папщIэ, филологие щIэныгъэхэм я доктор, профессор Кучуковэ Зухра «IэщIагъэм хуэIэижьхэр» унэтIыныгъэмкIэ «Илъэсым и бзылъхугъэ» цIэр къыфIащащ, а институтым и студент МафIэдз Линэ «Налшыкдэс пщащэ нэхъ дахэ» зэпеуэм щытекIуащ, къудамэм и куратор нэхъыфIу къалъытащ Дэхъу Залинэ.

КъБКъУ-м и проректор Савинцев Алексей махуэшхуэр зейхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъазэри, ФилологиемкIэ институтым и егъэджакIуэхэм щIыхь, фIыщIэ тхылъхэр, ахъшэ саугъэтхэр яритащ. Апхуэдэу щIыхь тхылъхэмкIэ ягъэпэжащ зэпеуэ зэхуэмыдэхэм ехъулIэныгъэфIхэр къыщызыгъэлъэгъуа студентхэмрэ курыт школхэм я еджакIуэхэмрэ.

ФилологиемкIэ институтым и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Куянцевэ Еленэ и лэжьэгъухэм ехъуэхъуащ узыншагъэ, ехъулIэныгъэ, зэIузэпэщыгъэ яIэу я IэнатIэр адэкIи ирахьэкIыну.

ЕгъэджакIуэхэм, дауи, я лъэр жан ищIащ я студентхэр, щIэныгъэ куу зэрагъуэтым и щыхьэту, гъэхуауэ урысыбзэкIэ, адыгэбзэкIэ, балъкъэрыбзэкIэ, инджылызыбзэкIэ, хьэрыпыбзэкIэ, нэмыцэбзэкIэ, франджыбзэкIэ къазэрехъуэхъуам. КъБКъУ-м и «Къафэ» ансамблым хэтхэм къызэрагъэпэща концерт дахэкIэ зэхуащIыжащ пшыхьыр.

**ТХЬЭХУЩЫНЭ** Ланэ.

СОРОКИН Лев

# Адыгэм щапхъэ къатетхам...

**ЖаIэж, адыгэм, хабзэу зекIуэу,**
**ЯIат хьэщIэщ зэлъыIуха.**
**Къеблагъэм хьэщIэ,**
**гъуэгурыкIуэ,**
**Iэнэгуу я гур зэIухат.**

**ХьэщIэщым щIэлът хьэпшып**
**нэхъыфIхэр,**
**ФIэдзат и блынхэм алэрыбгъу.**
**Нобэр къыздэсым**
**нэхъыжьыфIхэм**
**КъытхуаIуэтэж абы и гугъу.**

**ЦIыхуншэт, хьэщIэ**
**къемыблагъэм,**
**Абы щIэмыхьэт унэр зейр.**
**Ауэ хьэщIэщым псэ хуабагъэр**
**ЩIигъэлъът сыт щыгъуи**
**хэгъэрейм.**

**УтемыуIуэу бжэм, умыджэу**
**Уеблагъэ хъунут - зыгъэпсэху**
**Уигу пэщыхун, укъэмыланджэу,**
**Гъуэгуанэ тет, хьэщIэ мыцIыху.**

**ЖыIэж щыхьэрхэм,**
**хэгъуэгу жыжьэм**
**Хъыбар щIэщыгъуэу**
**къыздипхар...**
**Насыпти нобэ а хабзэжьым,**
**Адыгэм щапхъэ къатетхам.**

**ГъущI лъынтхуэ гъуэгухэр**
**щынэхъапэ**
**Мы гъащIэ гугъу зэрыхьзэриймы,**
**Псэ къэс хэтамэ хьэщIэщ кIапэ,**
**Нэхъ дахэ хъунти ди дунейр.**

*ЗэзыдзэкIар*
**УЭРЭЗЕЙ** Афликщ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩэнхабзэмкIэ и министерствэр КъБР-м и цIыхубэ артист, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым и артисткэ **Щэрмэт Людмилэ СултIан и пхъум** хуогузавэ абы и анэ **Щэрмэт Санэ Данил и пхъур** зэрылIам къыхэкIыу.

# Осташкэ Андрей адыгэхэм къакIуа гъуэгуанэ телъыджэм топсэлъыхь

•Тхыдэ


СультIан Беркъукъу Захьир Мысырыр (Египет) тIэуней IэщIэлъащ (1382 - 1389; 1390 - 1399 гъэ.)


Инал Ашрэф (Къэрмокъуэ) - Мысырымрэ Сириемрэ я пащтыхь (1438 - 1453 гъэ.), усакIуэ, уэрэдус, архитектор


Мысырымрэ Сириемрэ я султIан Къаит-бей (1468 - 1496 гъэ.)


Къанщауэ Гъур - Мысырымрэ Сириемрэ я пащтыхь (1501 - 1517 гъэ.)


Хьэрып тхыдэтх цIэрыIуэ Мухьэмэд ибн Ийас (1448 - 1524 гъэ.)


Мысырым и султIан Алий-бек аль-Кабир (1728 - 1772 гъэ.)


Франджы литературэм и классик Аиссе (1694 - 1733 гъэ.)


Тырку маршал ФуIэд Дели-пэщэ (Тхъугъэ) (1835 - 1931 гъэ.)


Тунислу (Лъашэ) Хьэрдин (1819 -1890 гъэ.) - Тунисым и пащтыхь, Уэсмэн империем и башбакан (премьер-министр)


Мыдхьэт (Хьэгъур) Ахьмэд (1844 - 1913 гъэ.) - тырку прозэм, драматургием я классик


Тырку маршал Бэрэдж Зеки-пэщэ (1861 - 1922 гъэ.)


Омер Сейфеддин (Хьэткъуэ Умар) (1884 - 1920 гъэ.) - дунейпсо, тырку литературэхэм я классик


Тыркум и премьер-министр, Меджлисым и тхьэмадэ, флотым и адмирал Рауф Орбай (КIэнкIэ) (1881 - 1964 гъэ.)


Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан (1904 - 1985 гъэ.) - Франджым и ЛIыхъужь


1932 гъэм дуней псом щынэхъ дахэ пщащэу къалъыта Кариман Халис (Бжьыназупхъэ) (1912 - 2011 гъэ.)


Париж дэт «Гранд Опера» театрым и примэ-балеринэ Черинэ (Щэмырзэ) Людмилэ (1925 - 2004 гъэ.)

***«Къэбэрдей-Балъкъэр» («Мир») телеканалым и жэрдэмкIэ, республикэм и телевизореплъхэм иджы етIуанэу я нэгу щIэкIащ «Севастопольская волна» программэм адыгэхэм я тхыдэмрэ я хабзэхэмрэ ятеухуауэ игъэхьэзыра нэтыныр.***

***Адыгэхэм я фэеплъ махуэм ирихьэлIэу утыку кърахьа лэжьыгъэ хьэлэмэтыр куэдым гунэс ящыхъуащ. ФIыщIэшхуэ яхуэфащэщ «Къэбэрдей-Балъкъэр» каналым и унафэщIхэм, нэтыныр япэу зыгъэхьэзырахэм зыпащIэу, ар Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщагъэлъэгъуэн хуитыныгъэр хабзэкIэ зыIэрызыгъэхьахэм. Еплъыну хунэмысахэм папщIэ абы щыщ Iыхьэ нэхъ гъэщIэгъуэнхэр нобэ фигу къыдогъэкIыж.***

***Адыгэхэм я къекIуэкIыкIам нэтыным щытепсэлъыхь Осташкэ Андрей Украинэм хыхьэ Северодонецк къалэм 1975 гъэм къыщалъхуащ. Харьков дэт бизнес-колледжыр къиухащ, Украинэм и дзэм къулыкъу щрихьэкIри, сержанту къыхэкIыжащ. Андрей «Общество Святого Феодора Гавраса» зэгухьэныгъэм щыщщ. Мы зэгухьэныгъэм чыристэн диныр зэрилъабжьэр жаIэми ящIэми къыхощ, ауэ я къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжыр езыхэм я Хэкуу ябж Къырымым, зэгуэр Византие къэралыгъуэшхуэм и Iыхьэу щытам, и тхыдэр зэфIагъэувэжынырщ. ЗэрымыщIэныгъэлIым къыхэкIыу, Осташкэ жиIэ псоми арэзы утемыхъуэми, лъэныкъуэкIэ къыщыту къыдэплъхэм дакъызэрыщыхъум щыгъуазэ дызэрищIам щхьэкIэ фIыщIэ хуэфащэщ.***


Осташкэ Андрей

## Жыжьэ къыщожьэ

АДЫГЭХЭМ я тхыдэр жыжьэ къыщожьэ. Езы лъэпкъым щыщхэр я блэкIам щытепсэлъыхькIэ, илъэс минитIрэ щитхукIэ зоIэбэкIыж. Илъэс мин зыбжанэ и пэкIэ ищхъэрэмкIэ дунейм и щытыкIэм зыщихъуэжын щIидза нэужь, лъэпкъ куэд ипщэмкIэ къэIэпхъуащ. Абыхэм я гъусэу къежьа лъэпкъхэр Кавказым итIысхьэри къинахэщ. ХитIым я зэхуаку дэт Кавказ къуршхэр быдапIэ хъарзынэт, я къуагъ укъуэтIысхьэн хуэдэу. А лъэпкъхэм я зы Iыхьэр Дербент дыхьэпIэмкIэ дэкIащ, адрейхэр Азие ЦIыкIум нэсри иджырей тырку Армение жыхуаIэм деж тIысащ. Тигр, Евфрат псыхэм я зэхуакум зыщызыубгъуа мы лъэпкъхэм хьэт-хъурит цивилизацэ жыхуаIэр къагъэунэхуащ. А цивилизацэр зеяхэр нобэ Кавказым лъэпкъыу исым я благъэу къалъытэ, зи гугъу тщIы адыгэхэри яхэту. Адыгэ лъэпкъ жыхуаIэр нэхъ убгъуауэ къапщтэмэ, абыхэм я Iыхьлыуэ убж хъунущ абазэхэмрэ абхъазхэмрэ, ахэри Кавказ Ищхъэрэм щопсэу. Нэхъ благъэ жыжьэу хьэт-хъуритхэм ябж ингушхэр, дагъыстэн лъэпкъхэр, шэшэнхэр. Гъуэгу зэIумыбзкIэ Пиренеи бгыхэм я щIыб къыдэхута баск лъэпкъри адыгэхэм я хамэкъым. Ахэр Франджымрэ Испаниемрэ я гъунапкъэм щопсэу. Бискай псыдэуапIэм деж щыс баскхэм я хьэлкIэ къызэрызэщIэплъэгъуафIэми, я бзэми, я хабзэхэми адыгэхэр уигу къэзыгъэкIыж куэд хэлъщ. Индо-европей лъэпкъхэм къадекIуэкIыурэ хьэт хъужа хьэт-хъуритхэр я адэжьхэу ябж езы адыгэхэм я щIэныгъэлIхэми. Ахэр ипщэкIэ къикIауэ жаIэ щхьэкIэ, ищхъэрэр я къежьапIэу убжыныр нэхъ тэмэму къэлъытапхъэщ. Иджырей зэманым «кеты»-кIэ зэджэжу Сыбырым лъэпкъ гуэр щопсэу, зыхэсхэм зыкIи емыщхьу. Абыхэм я бзэр зыми техуэркъым, баскхэм яйм нэхъ ещхьщ, адыгэбзэр уигу къегъэкIыж. Бзэм илъэс щитхум и кIуэцIкIэ зихъуэжу ябж. Абдежым зы илъэс минкъым блэкIар. Ари а хьэт-хъуритхэм я гъусэу кIуа лъэпкъхэм ящыщ гуэр къыщIэкIынщ, къудамэ щхьэхуэу къыгуэкIыкIауэ.

## Тхьэр зыгъэзакъуэ лъэпкъ

ФIЭЩХЪУНЫГЪЭХЭМ я гугъу пщIымэ, адыгэхэр къызэрежьэрэ Тхьэр зыгъэзакъуэ лъэпкъхэм яхохьэ. Адыгэхэм я гъащIэм сыт нэхъ гу зылъыптэу къыхэщрэ жыпIэмэ, ар «щIыхь хабзэкIэ» узэджэ хъун дуней тетыкIэщ. «АдыгэлI» жыхуаIэ жыпхъэм цIыхум и гъащIэри и псэунығъэри ирагъэкIуным теухуауэ щытщ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, сыт нэхъри нэхъ лъагэу къабж щIыхьыр. Зи гугъу тщIыр адыгэ цIыхубэм я утыку щызекIуэ нэмысымрэ зэхэтыкIэмрэщ. Абы хохьэ нэхъыжьым, нэхъыщIэм, цIыхубзым, хьэщIэм пщIэ яхуэщIын зэрыхуейр. Бийр хьэщIэмэ, абыи узэрыдекIуэкIыпхъэ хабзэхэр щыIэщ. А зэхэтыкIэм и фIыгъэкIэ щIыпIэ-щIыпIэкIэ зэбгрыдза мы лъэпкъыр адрейхэм яхэмышыпсыхьу къызэтенащ.

Псалъэм папщIэ, Кавказ Ищхъэрэ дыдэм ис дагъыстэнхэм еплъытмэ, тIури бгылъэ щIыпIэхэм ис щхьэкIэ, Дагъыстэным бгыхэм къуажэхэр зэпэIэщIэ ящI, я бзэхэри зэтемыхуэжу. Аращ ахэр зы щIыпIэ ис пэтрэ апхуэдиз бзэ щIаIэр. Адыгэхэм я щIыпIэхэр кIыхьу убгъуами, бгыхэр апхуэдэу я зэхуаку къыдэувэркъым, къуршхэм я куэщI ис хуэдэу мэхъу.

Аращи, адыгэ лъэпкъхэм я бзэхэм къэпсэлъыкIэ щхьэхуэхэр яIэми, псоми я лъабжьэр зыщ, зэрахьэ хабзэм и фIыгъэкIэ зыр адрейм къыгурыIуэну апхуэдэу гугъу хъуркъым. Керчь псыдэжыпIэм щегъэжьауэ Ингушым, Осетие Ищхъэрэ-Аланием хыхьэ Мэздэгу нэс Адыгэ ЩIыналъэщ. ИтIани а псоми я бзэри я динри яхъумэжащ. Иджыри гу зылъытапхъэщ адыгэхэм ябгхэр мэзылъэу зэрыщытым. Абы къыхокI мы лъэпкъым жыгхэр, мэз щхьэхуэхэр гъэлъэпIэныр къазэрыдекIуэкIыр. Мыбыхэм гъунэгъуу къабгъэдэс аланхэм (осетинхэм) адыгэхэм я щэнхабзэм щыщ куэд къащтащ. ЩтапIэ къэзылъыхъуэ аланхэр адыгэхэм ябгхэм зыщагъэпщкIури къызэтенауэ щытащ.

## Сыт «шэрджэсым» къикIыр?

«АДЫГЭЛI» жыхуаIэ мардэр дуней псом адыгэу тетым зэдащIэу, зыр адрейм тыншу къыгурызыгъаIуэ гуэрщ. Ар иджыпстуи нэхъ къызэрыгуэкI дыдэ адыгэ къуажэми щызокIуэ. Мы хьэлыр лъэпкъыр зэщIэзыубыдэ, зэкъуэзыгъэувэ къару лъэщщ. «ШэрджэскIэ» мы лъэпкъым адрей лъэпкъхэр къеджэу аращ. Псалъэм папщIэ, финнхэм дэ «финнкIэ» доджэ, езыхэр «суомикIэ» зоджэж. Апхуэдэ дыдэу прибалтхэр урысхэм «вене»-кIэ къоджэ. «Шэрджэс» цIэм теухуауэ еплъыкIитI щыIэщ, псалъэм и мыхьэнэр ирапхыу. Зым зэрыжиIэмкIэ, ар гуннхэр еплIанэ-етхуанэ лIэщIыгъуэм Кавказым щыпхыкIым адыгэхэм ятекIуэфатэкъыми, «гъуэгур зэпызыупщI» мыхьэнэ иIэу къыфIащауэ аращ. Адрей еплъыкIэмкIэ «шэрджэс» е «серкеш» псалъэм «щхьэфIэх» жиIэу къокI. Ауэ а щхьэфIэхыныгъэр «лей зезыхьэу щхьэр пызыупщI» къикIыу аракъым. ЗауэлIу къекIуэкIа адыгэхэр я мыхэку дунейм щыщехыж къэхъурт щIэх-щIэхыурэ. Апхуэдэхэм я хьэдэхэр я псэр щыхэкIа щIыпIэм щыщIалъхьэми, я щхьэр Хэкум къахьыжу щыщIалъхьэжын хуейуэ хабзэ къадекIуэкIырт. Аращ «шэрджэс» псалъэм «щхьэпыупщI» мыхьэнэр къыздрихар, а хабзэм къэзакъ тхыдэтххэр тетхыхьыжащ. Зи гугъу тщIы «адыгащхьэр» джафабзэу яупсу щытащ и кум деж зы акIэ къранэу. Пкъым пымытыж щхьэр а акIэмкIэ тыншу уанэм кIэрыпщIэ хъурт.

Тхыдэм адыгэхэр къуигъэцIыхуну хэт лIыхъужь къэплъыхъуэмэ, абыхэм ящыщщ Сосрыкъуэ. Ар нартыкIэ зэджэ адыгэхэм я адэжьхэм я IуэрыIуатэм щыщ лIыхъужьщ. Иджыпсту дунейм лъэпкъ минитхум нэс тету ябж. Абыхэм ящыщу 12 къудейщ езым и эпос зиIэжыр. Абы лъэпкъым ныбжьышхуэ зэриIэр къегъэлъагъуэ. Адыгэхэри яхохьэ а лъэпкъ 12-м. Гукъыдэж зиIэм нарт хъыбархэр интернетым адыгэхэм я анэдэлъхубзэмкIэ къыщигъуэтыфынущ. Урысхэм я таурыхъыжьхэм хэт лIыхъужьхэм «богатырь» зэрыхужаIэм хуэдэу, адыгэ IуэрыIуатэм и лIыхъужьхэм нарткIэ йоджэ. Тхыдэм уриплъэжмэ, Кавказ Ищхъэрэм нэхъыбэу исар адыгэхэращ. Абы къыхэкIыу нарт пшыналъэр адыгэхэм къадэпсэуа лъэпкъхэми, псалъэм папщIэ, аланхэми езыхэм ейуэ ябжыж. Нэхъ зэхэхауэ жыпIэмэ, мыбыхэм зэреджэн хуейр «аланкъым» - «осетинщ». Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, тхыдэм хэта аланхэр иджыпсту щыIэжкъым. Зы зэман ахэр адыгэхэм бгым зыщахъумэжыну абдеж щагъэтIысри, илъэсищэм и кIуэцIкIэ адыгэхэм къахэшыпсыхьащ, я хабзэхэр къащтащ, ауэ аланыбзэмрэ езыхэм я динымрэ къахуэнащ. Абы къыхэкIыу осетинхэми адыгэ нартхэр езым ейуэ къалъытэ. «Осетин» жиIэмэ адыгэбзэкIэ «уасэ тын» жиIэу къокI.

## Чыристэн диныр дауэ къызэращтар?

ДИНЫМ и гугъу пщIымэ, Кавказ Ищхъэрэмрэ Кавказ Ипщэмрэ Первозванный Андрей хьэуарийр (апостолыр) здэкIуа щIыпIэхэм ящыщщ. Ар Украинэр, Белоруссиер, Урысейр зи жьауэм щIэт аущу ябж. Ар Симон Кананитрэ Матфеийрэ, нэгъуэщI и гъэсэн 12 и гъусэу КъуэкIыпIэ Кавказым нэс къэкIуауэ щытащ. Симон Кананит Абхъазым кIуащ. Первозванный Андрей Кавказ къуршхэр къызэринэкIри, Адыгэ ЩIыналъэм и кIапэ нэхъ жыжьэхэм, Iуащхьэмахуэ лъапэм нэсащ. Тхьэр ягъэзакъуэу къекIуэкIа адыгэхэм чыристэн диныр тыншу къаригъащтэщ, Керчь псыдэжыпIэмкIэ кIуэцIрыкIыжри, Первозваннэр Къырымым къэкIуауэ щытащ. Нобэр къыздэсым Мэздэгу деж щыс адыгэхэр чыристэнщ. Адыгэхэм езым щихънагъышхуэ (митрополит) яIэжу щытащ. Кавказым и Iыхьэр Византием, абы и Боспор чыристэн куейм хыхьэрт, и гъунапкъэхэр Астрэхъан нэсырт.

## Къэбэрдейхэмрэ адрей адыгэ лъэпкъхэмрэ

МУСЛЪЫМЭН диныр лъэныкъуитIкIэ къахыхьащ адыгэхэм. Кавказым и КъухьэпIэ Iыхьэр зы зэманкIэ Багъдад хъалифым и унафэм щIэхуэри, а лъэхъэнэм ткIийуэ зэ кърагъэщтауэ щытащ. Ар зыхуэзэр еянэ лIэщIыгъуэрщ. Хьэрыпхэр Дербент куэбжэ дыхьэпIэ жыхуаIэм нэс къэкIуа щхьэкIэ, абдежым Каспий пэгъунэгъуу дзэуэ упхыкIыну нэхъ тынштти, адыгэхэм я дежкIэ къэмыкIуэу, Дагъыстэн лъэныкъуэмкIэ яунэтIащ. КъуэкIыпIэ Кавказым нэхъ тыншу ислъамыр щыпхыкIащ: ахэр зэбгрыдзауэ, зэгурымыIуэу щытти, зыуэ зэщIэзыгъэбыдэн гупсысэкIэ, дин лъэщ хуэныкъуэт. Иджыпсту а лъэныкъуэм нэхъ ткIийуэ я диныр зэраIыгъыжри нэрылъагъуэщ. Кавказ Ищхъэрэм Iуэхур зэрыщекIуэкIар нэгъуэщI зыгуэрущ. Абы муслъымэн диныр Тыркум къарихьащ. А зэманым иджыри щIалэу щыта Уэсмэн къэралыгъуэр Кавказым нэс къэсащ, Къырым хъаныгъуэ къэунэхуагъащIэр и дамэм щIигъэувэри, Анапэ деж быдапIэ щиухуащ. Абдежым щыпсэурт адыгэ лъэпкъым хыхьэ натыхъуейхэр. А зэманым Тыркум тетыгъуэр щызыIыгъыр епщIыкIутIанэ уэсмэн сулътIан Сулеймэн Телъыджэрат. Иджыпсту дэ Кавказ Гъунэгъукlэ дызэджэр Урысейм и тенджыз ФIыцIэ Iуфэращ. Абдежым унафэ щызыIэщIэлъу утыку Iуэхухэр зи пщэ дэзылъхьэж, дзэм хэт уэркъхэм деж нэхъ щыпхыкIащ муслъымэн диныр. Аращи, и къежьэкIэр политикэм нэхъ пыщIауэ жыпIэ хъунущ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, тетыгъуэм нэхъ пэгъунэгъухэращ муслъымэн хъуар, адыгэхэм унафэшхуэ зыхуугъэщIыну зэрыщымытам хуэдэу.

КъухьэпIэмкIэ Мэзкуу пащтыхьыгъуэр къэблагъэрт. Иван Грознэм Къэбэрдеишхуэмрэ Къэбэрдей ЦIыкIумрэ я пщы уэлий Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ къишащ, пщащэм жор щыпщIэхалъхьэм, чыристэныцIэ къиищтащ. А зэманым чыристэн диныр ещанэ толъкъуну Кавказым къыхыхьэрт. Тэрч къэзакъхэри къыщыунэхуар Иван Грознэм и зэманращ.

Зэрытлъагъущи, мыбдежым къэбэрдейхэр адрей адыгэ лъэпкъ пщыкIузым къагуэкIа хуэдэу хъуащ. Япэрауэ, мыбы чыристэн диным нэхъ зыщиубгъуат. ЕтIуанэрауэ, Грознэм и пащтыхь пщIантIэм Черкасскэ пщыхэм пщIэшхуэ щаIэт, я жыIи щыпхыкIырт. ТIууэ зызыгуэша адыгэ лъэпкъым и зы Iыхьэр Урысейм и лъэныкъуэ хъуащ, адрей лъэпкъ 11-р Тырку сулътIаным и жьауэ щIэуващ.

## Дэтхэнэ зыми пщыуэ зебжыж

УЭСМЭН сулътIаныгъуэм адыгэхэр къарууш-хуэу хэтт. Абыхэм я зауэлI хабзэхэр Къырым хъаныгъуэм езыр-езырурэ хэпща хъурт. Къырым хъанхэр дунейм и кIапитIым я пащтыхьу сытыт щIабжыр? Зы лъэныкъуэкIэ удэIэбеймэ, ар Европэм хыхьэрт, уеIэбыхмэ, Кавказым деж Азием щыщIидзэрт. А зэманым Бжьэдыгъукъалэ (Краснодар) куейри Темэн тафэм хыхьэрт. Ауэ щыхъукIэ, Къырым хъаныгъуэм щызекIуэ зэхэтыкIэри хабзэхэри адыгэхэм яйм фIыуэ къакIэрыхурт. Тэтэрхэр, къапщтэмэ, 13-нэ лIэщIыгъуэм IэпхъуэурэКърымым зэрымыщIэкIэ щытIысауэ арат. Адыгэхэм я тхыдэр жыжьэ къыщежьэрт, я щэнхабзэри куут. Утыку Iуэху зехьэкIэкIи, зэуэкIэкIи, зэхущытыкIэкIи, уеблэмэ зыхуэпэкIэкIи ахэр фIыуэ япэ итт. Мыбыхэм я щэнхабзэр лъэпкъыр илъэсищэкIэ зэлIэлIа Iуэхут, дэтхэнэ зы адыгэри шууей зауэлI телъыджэт. Хэт шуудзэ къызэригъэпэщынуми, къиищтэр адыгэхэрт. Ар дэни щащIэрт, псом хуэмыдэу дунейпсо утыкум щхьэкIэ а зэманым ныкъуакъуэу щыта къэралыгъуищым: Мэзкуу пащтыхьыгъуэм, Речь Посполитэ жыхуаIэм (Польшэ), Тырку сулътIаныгъуэм. Дэтхэнэ зыри хэтт адыгэхэм къулыкъу ирагъэщIэну къащтэну: къыдахьэхыну, езым я деж къагъэнэну. Зи гугъу тщIа къэралищми адыгэ защIэу дзэхэр яIэт. Полякхэм зы шууей гуп яIэт, зэрыщыту адыгэу, дзэ къызэгъэпэщакIуэхэри чэнджэщэгъухэри а лъэпкъым щыщт. Адыгэхэр зэрыIыгъыу щыпсэу щIыпIэ куэд хэтащ Речь Посполитэм.

Уэсмэн къэралыгъуэм адыгэхэр дауэ зэрыхыхьар жыпIэмэ, ар нэхъ жыжьэ къыщожьэ. А зэманым нэхъ муслъымэн къэралыгъуэшхуэу дунейм тетар Мысырырат. Ауэ ар нобэ тцIыху, МысыркIэ зэджэ къэрал цIыкIу закъуэракъым. Абы АфрикэмиIуфэри, Хьэрып тафэри, Щамри, Иорданри, Иракри хыхьэрт. Адыгэ цIыхубзхэр я дахагъэрэ гъэсэныгъэкIэ цIэрыIуэт. Абы къыхэкIыу, сулътIанхэр къехъуапсэрт шэрджэс пщащэхэм щхьэгъусэ ящIыну. Апхуэдэ зы бзылъхугъэ, и щхьэгъусэр дунейм ехыжа нэужь, мазэ бжыгъэкIэ Мысырым и пащтыхьу щытат. КъищынэмыщIауэ, пащтыхьым укъыфIэкIмэ, ещанэ къулыкъур зыIыгъыр БейбарскIэ зэджэ адыгэ щIалэт, зэгуэр пщылIу Кавказым ирашу Мысырым яшауэ, хэлъэтышхуэ зэриIэм апхуэдэу лъагэу иIэтауэ. «Муслъымэн къэралыгъуэм и унафэ зыщIын цIыхубз фIэкIа щымыIэжу ара?» щыжаIэм, зи гугъу тщIа бзылъхугъэр Бейбарсым дэкIуэри, апхуэдэ щIыкIэкIэ къежьащ адыгэ мамлюк сулътIанхэм я тхыдэр. Илъэс щищкIэ Мысырым и унафэр зыIэщIэлъар адыгэ сулътIанхэращ.

Абыхэм «мамлюккIэ», «пщылIкIэ» еджэ щхьэкIэ, я пщылIыгъэр щхьэхуимытыныгъэу щыттэкъым. Тхьэ зыхуаIуэ сулътIаным хуэпэжыныр я гъащIэ псо къалэну зэрыщытым къыхэкIыу, арат ар - защэжа пэлъытэт, я псалъэм псэуху епцIыжынутэкъыми. «Тырку мамлюкхэр» жыхуаIэм я нэхъыбэр адыгэщ. 1517 гъэм адыгэ сулътIанхэм тетыгъуэр яфIэкIуэда нэужь, тепщэр тырку сулътIан Селим Езанэм иубыдати, къэралым хыхьэ псоми тыркукIэ еджэ хъуащ. Псалъэм папщIэ, Урысейм щыпсэухэм псоми «урыскIэ» къызэрыдэджэм хуэдэу. Абыхэм я зы Iыхьэращ тыркур, адрейхэр адыгэт. Каир и зэманыгъуэ, и «дыщэ лъэхъэнэкIэ» узэджэнур адыгэ сулътIанхэм я тетыгъуэращ зыхиубыдэр. Апхуэдэ лъагапIэ муслъымэныгъэм Мысырым зэи щигъуэтыжакъым. А зи гугъу тщIа Бейбарс пащтыхь хъуа иужькIэ, езыр къыздраша и Хэкум мэжджыт зэрыщащIын мылъку яхуригъэхьауэ щытащ. А мэжджытым и лъэужьхэр къыщыбогъуэтыж нобэ Пасэрей КъырымкIэ зэджэ щIыпIэм.

Адыгэхэм зы лъэпкъ хьэл къадокIуэкI, и зэран езыхэм къекIыжу. ЗыхаIэтыкIын яфIэфIщ. Дэтхэнэ зыми пщыуэ зебжыж. Зы щIыпIэ гуэр яубыдрэ абдеж щысмэ: «Сыт сэ зыгуэрым седэIуэн щIыхуейр? Сэ си щхьэ срипщыжщ!» - жаIэри загъэкъ. А лъэпкъ хьэлым мамлюкхэм я сулътIаныгъуэр текIуэдэжащ. Егъэлеяуэ инт Мысыр къэралыгъуэр. ЗэныкъуэкъужынщIадзэри кIуэдыжахэщ. Зы махуэ закъуэ екIуэкIа зауэзэрылIым зэрыкъэралу дэкIуэдащ. Тепщэгъуэр къызыIэрыхьа Уэсмэн къэралыгъуэр зы махуэм хуэдищкIэ бэгъуауэ щытащ

## Куэдым яжь щIихуащ

АДЫГЭХЭР адрей лъэпкъхэм къахэзыгъэщхэм ящыщщ ахэр лъапэкIэ къызэрыфэри. ЗэрыжаIэмкIэ, ар къызыхэкIыр цIыхухъухэр зэман кIыхькIэ щакIуэ, зекIуэ, Iэщ гъэхъупIэхэм я закъуэу, цIыхубзхэр къадэмыпсэууэ щыIэн хуейуэ къазэрыхуихуэрат. ЛъапэкIэ зыхэтIэным и мыхьэнэр - я пщтырагъыр, закъуэныгъэр зэрахуэмыхьыр узкIэ ягъэупщIыIунрат. Иджы зэрыцIыкIурэ къофэхэри, узри зыхащIэжыркъым. Нобэ абы дахагъэ фIэкIа халъагъуэжыркъым. А къызэщIэплъэныр, гуащIагъыр адыгэхэм япэгъунэгъуу псэу адрей кавказ лъэпкъхэми яхэлъщ.

Лъэпкъ куэдым адыгэхэм яжь ящIихуащ. Абыхэм ящыщщ кърым хъанхэр. Адыгэ бзылъхугъэ щхьэгъусэ щащIкIэ, нысащIэм и гъусэу ар зыхъумэн, къыдэIэпыкъун благъэ гуп и гъусэу ягъакIуэрт. Муслъымэн диным кърит хуитыныгъэмкIэ щхьэгъусиплI зиIэну хуит хъанхэм я фызхэм адыгэ къахэхуэмэ, бзылъхугъэм щIыгъуу и благъэ гуп Къырымым кIуэрт. ЩIалэ цIыкIу къилъхумэ, ар цIыхубзым и дыщым яшэрти, и гъэсэныгъэр нэгъэса хъуху абы щагъэIэрт. ЗауэлI Iэзагъым и закъуэтэкъым ар зыхуагъасэр, дуней тетыкIэ псо къыхапщэху зрагъэуэжьырт. Абы пхымыкIауэ щIалэм хъаныгъэр къылъысыныр ауи игу къигъэкI хъунутэкъым. ЩIалэхэр зыбжанэ хъумэ, зыр хъан хъурти, адрейхэм къэралым IэнатIэ гуэр щрахьэкIырт. Ауэ зы къэмынэу псори Кавказ Ищхъэрэм щагъасэрт.

Адыгэхэм Византие империеми зыгуэр зыхрагъэлъхьащ. Ар Феодор и пщыгъуэм нэхъ щыболъагъу. 13-нэ лIэщIыгъуэм, иджыри Къырым хъаныгъуэр къэмыунэху щIыкIэ, Византие къэралым къыгуэкIри, Феодор и пщыгъуэр къэунэхуауэ щытащ. Абы и къалащхьэр бгъуэнщIагъ къалэкIэ зэджэ Мангупт. Къалэм и ипщэ гъунапкъэр Бильбек псым екIуалIэрт. Лъэсыдзэ фIэкIа зимыIэ Мангуп шууейхэр адыгэхэм къахишырт. Абыхэм ахъшэ иратурэ ягъэзауэрт. ЗауэлIхэм я унагъуэхэр къэIэпхъуэурэ Къырымым щытIысащ. Зи гугъу тщIа Бильбек псым и зы Iыхьэм «Къэбэрта»-кIэ еджэрт. А цIэм псыежэхыр 18-нэ лIэщIыгъуэ пщIондэ тетащ. Мангуп щыщ куэдым я щхьэгъусэхэр адыгэ бзылъхугъэхэт. Совет зэманым къыздихьа цIэхэр картэм тебгъэлъэлъмэ, адыгэцIэхэр къыумыцIыхужынкIэ Iэмал иIэкъым. Абыхэм ящыщщ Голубинкэ и цIэхэр. ТыркубзэкIэ абы зэреджэр «черкес-кермен»-щ. АдыгэбзэкIэ абы щхьэкIэ «Фотисалэ» жаIэ. «Фо тын» жыхуиIэм къытекIауэ аращ. Нобэр къыздэсым Бильбек и псыхъуэм и закъуэщ бжьэ гъэхъупIэм къытраха къудейуэ фо щащэр.

Адыгэхэм Урысей къэралыгъуэм куэд халъхьащ. Пащтыхьыгъуэм дэлажьэу Мэзкуу щыIа Черкасскэхэр Кремлым щызекIуэ унафэхэм фIыуэ хэIэбэфырт. Илъэс куэдкIэ Урысейр игъэпэжу, абы и телъхьэу зэуащ Къэбэрдейр. Урысейр Уэсмэн къэралыгъуэм езауэми, къэжэрхэм япэщIэтми, лIэщIыгъуэ бжыгъэкIэ къэбэрдейхэр абы дэIэпыкъуащ.

Къэзакъхэр дунейм къытехьэным адыгэхэр хэпщIэпауэ къекIуэкIащ. Ахэр зыгуэрым унафэкIэ къигъэхъуауэ щыткъым, тхыдэр апхуэдэу къекIуэкIри, къэунэхуауэ аращ. Мэзкууи, Тыркуми, Польшэми Кавказым я Iыхьэ хэлъу ябжыжырт. Муслъымэн динри Кавказым къэсат. Къапщтэмэ, Кавказ зауэм и ужькIэщ адыгэхэр муслъымэн щыхъуар, абы и пэ Къэбэрдейм ислъамыр щыIакъым. Политикэм ипкъ иткIэ къэхъухэм я Iэужьу, адыгэхэр я щIыпIэм икIырт. Апхуэдэ щIыкIэкIэ ахэр Днепр Iуфэм къэсащ. Аращ къыщежьэр Черкассы къалэм и цIэр. «ЧеркасскIэ» тэн къэзакъхэр мыхъуу, «малоросс» жыхуаIэ къэзакъхэм къахэкIахэм еджэхэрт. Абыхэм адыгэхэм куэд къызэрыбгъэдахар я щэнхабзэм хыболъагъукI. Апхуэдэщ «черкеска» цIэм къытенэжа адыгэ цейр. Ар апхуэдизкIэ тыншу дати, къэзакъхэми кавказ лъэпкъ 28-ми къащтащ. Псалъэм папщIэ, фащэм и зы Iыхьэу «хьэзыркIэ» зэджэм илъ шэ узэдахэр, шыр зэрыжэм хуэдэурэ, секундийм къриубыдэу закъуэрыуэ фочым иплъхьэфырт. Апхуэдэ дыдэщ тыншу пхуэгъэIэрыхуэ адыгэ сэшхуэри. Къэзакъхэм я бзэм куэдкIэ хэмыIэбами, «ко»-кIэ иух къэзакъ унэцIэхэм я лъабжьэр адыгэбзэ «къуэ»-ращ. АдыгэбзэкIэ «къуэ» жиIэмэ, урысыбзэкIэ «ов», «мыпхуэдэм ей» жыхуиIэм ещхьщ.

*Зытхыжар* **ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэщ.**


Инал Нэху (XV лIэщIыгъуэ) - адыгэпщхэм я пщыж, пащтыхь


Урысей Правительствэм и УнафэщI Черкасский Иван (1579 - 1642 гъэ.)


Урысей Правительствэм и УнафэщI Черкасский Яков (Урыскъан) (1604 - 1666 гъэ.)


Урысей Правительствэм и УнафэщI Черкасский Алексей (1680 - 1742 гъэ.)


Япэ урысей генералиссимус Черкасский Михаил (Алей) (1645 - 1721 гъэ.)


Къэбэрдей пщы уэлий Идар Темрыкъуэ (1502 - 1571 гъэ.)


Урыс пащтыхь гуащэ Идар Марие (Гуащэнэ) (1544 - 1569 гъэ.)


Къасым хъан гуащэ Идар Алътыншаш (1525 - 1583 гъэ.)


Нэгъуей хъан гуащэ Идар Мэлъуръыб (1528 - 1597 гъэ.)


Урыс генералиссимус Черкасский Дмитрий (Къанщауэ) (1528 - 1609 гъэ.)


Куржы пащтыхь гуащэ Русудан (Джылахъстэн Данизэт) (1688 - 1756 гъэ.)


Къэбэрдей уэзэщIакIуэ цIэрыIуэ БжьыхьэлI Лиуан (XV лIэщIыгъуэ)


Къэбэрдей пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ (1663 - 1710 гъэ.)


Урыс адмирал, адыгэпщ Ридадэ къытепщIыкIыжа Ушаков Федор (1745 - 1817 гъэ.)


Адыгэ уэзэщIакIуэ, дипломат Къэзанокъуэ Жэбагъы (1685 - 1750 гъэ.)


Iуащхьэмахуэ япэ дыдэу дэкIа Хьэшыр Чылар (1799 - 1859 гъэ.)

# Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм къызэрагъэпэща пэкIур Тыркум гулъытэншэу къыщагъэнакъым

*Ди газетым зэрытетащи (23.05.12), Урыс-Кавказ зауэр зэриухрэ илъэси 148-рэ зэрырикъум теухуа дауэдапщэхэр накъыгъэм и 20 - 21-хэм щекIуэкIащ Тырку Республикэм. Истамбыл и Бешикташ хьэблэм хиубыдэ Барбароссэ утым цIыху мин 15-м нэблагъэ щызэхуэсащ, къэралым щылажьэ Адыгэ Хасэ 54-м я лIыкIуэхэр хэту.*

*Адыгэхэм я щыгъуэ-щIэж махуэм къызэрагъэпэща пэкIур гулъытэншэу къагъэнакъым Тыркум къыщыдэкI «Дуния», «Джумхуриет», «Хурриет», «Келебек», нэгъуэщI газетхэми. Ар зэрекIуэкIам теухуа хъыбархэри, лъапсэрыхыр къызыхуэкIуа лъэпкъым ягъэвари, IэщIагъэлI зэхуэмыдэхэм къазэрыщыхъури къытрадзащ.*

*Накъыгъэм и 21-м Истамбыл къыщыдэкIа «Дуния» газетым и зы напэкIуэцI триухуащ Кавказ Ищхъэрэм щыщ лъэпкъхэр Анатолием къызэрыщыхута щIыкIэм, щыгъуэ-щIэж пэкIур зэрекIуэкIам, насыпыншагъэрэ хэщIыныгъэшхуэрэ къэзыхьа зауаем адыгэхэр зыхидза бэлыхьым профессорхэр, хасэ тхьэмадэхэр зэреплъым.*

### Анатолием Iэпхъуахэр

Шэрджэсхэр Кавказым къызэрырахурэ илъэси 148-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу цIыхухэр Истамбыл и уэрамхэм ирикIуащ, къащыщIа насыпыншагъэр ягу къагъэкIыжу. Ауэ иджы, адрей пэкIухэм емыщхьу, цIыхубэм яIыгът я адэжь лъахэм къызэрырахуар, лъэпкъгъэкIуэд къызэрыращIылIар зэи зэращымыгъупщэнур, щыгъуэ-щIэж махуэхэр зэрырагъэкIуэкIынур зытетха щэкIхэр. Адыгэхэм зэпымычу жаIэ «геноцид» псалъэм цIыхубэр зэреплъыр зэрызэтемыхуэм зэныкъуэкъу къызэрыздихьыр. Абы къежьапIэ хуэхъуащ тенджыз ФIыцIэ Iуфэр зыубыдыну хуея урыс пащтыхьым пэщIэта шэрджэсхэр я хэкум кърахун хуей зэрыхъуар. А гуIэгъуэшхуэр лъэпкъгъэкIуэду къэзылъытэ, леишхуэ къызытехьа цIыхубэр накъыгъэм и 20-м уэрамым къыдыхьащ икIи зи адэжь лъахэр зрагъэбгына цIыху мелуаным я щхьэ кърикIуа насыпыншагъэм, мэжэщIалIагъэм, сымаджагъэм езыхэм ящыщ куэд зэрихьар щапхъэу къагъэлъэгъуащ.

### ЦIыхухэр я хэку ипхуныр геноцидщ

Япэрауэ, кавказ лъэпкъхэр я щIым кърахуащ. Лъэпкъыр и щIыналъэм ибгъэкIыу, нэгъуэщI щIыпIэ бгъэIэпхъуэмэ, абы къикIыр ирахуауэ аращ. Ауэ лъэпкъым и щэнхабзэр бгъэкIуэду, и бзэр щыбгъэгъупщэу, зыр зым лъэмыIэсыжу зэпэIэщIэ пщIымэ - ар геноцидщ.

Псалъэм папщIэ, Уэсмэн империем ермэлыхэр хэкуншэ ищIащ, Сирием игъэIэпхъуэри. Шэрджэсхэри я хэкум ирахури, муслъымэн диныр здэщыIэ къэралыгъуэм ягъэкIуащ.

Мы Iуэхум щхьэкIэ ирахуа къудейщ жыпIэнри бдэнри гугъу дыдэщ. Сыту жыпIэмэ, цIыхур и хэкум ибгъэIэпхъукIыу, и лъапсэри и щIы кIапэри тепхрэ хамэ щIыпIэ пхумэ, ар и лъахэм ипхуа къудейуэ къэнэжкъым, атIэ геноцидкIэ уеджэн хуейщ.

**ЮНАЛ (АГЪАШЭ) Мухьиттин,**
*Кавказ щэнхабзэ зэкъуэтэныгъэмкIэ къэхутакIуэ фондым («Кафдав») и тхьэмадэ.*
*Анкара къалэ*







KAFFED-и тхьэмадэ Шыгъэлыгъуэ Уэджит щыгъуэ пэкIум къыщопсалъэ.

### Шэрджэсхэми ермэлыхэми лей ирахащ

Сэ лъэпкъым и трагедиер, цIыхубэм къащыщIа щIэщхъур зы псалъэ закъуэкIэ къэгъэлъэгъуэным срителъхьэкъым. Шэрджэсхэм я щхьэ кърикIуам зыщыбгъэгъуазэмэ, япэ щIыкIэ къыпщыхъунущ ахэр я адэжь щIыналъэм кърахуа къудейуэ. Ауэ ахэр къыщрахум ираха лейм, яукIа къомым лъэпкъгъэкIуэдым хуагъэкIуащ.

Языныкъуэхэм кавказ лъэпкъхэр я хэку кърагъэкIа къудейуэ къалъытэми, мыр геноцид нэрылъагъущ. Шэрджэсхэми, ермэлыхэми я щIы Iыхьэхэр трахри, къыщалъхуа лъахэр фIагъэкIуэдащ.

**КЕНТАЛ Ферхьат,**
*профессор,*
*СоциологиемкIэ Истамбыл къалэ университетым и къудамэм и тхьэмадэ.*

### ЛъэпкъгъэкIуэд жыхуаIэжыр аракъэ?

Пащтыхьымрэ Уэсмэн импеиемрэ зэгурыIуэу зэдащIа Iуэхущ шэрджэсхэр зыхэт бэлыхьыр. Адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ я лъахэм кърахури, лъэпкъгъэкIуэдри къыхуагъэкIуэжащ. А тIур щызэщIыгъум деж нэхъ гурыIуэгъуафIэ мэхъу шэрджэсхэм я щхьэ кърикIуар.

ГеноцидкIэ узэджэн хуейр лъэпкъыр зэрыс щIыпIэм и деж щызэтебукIэным и закъуэкъым, атIэ дэ къытщыщIари хэлъщ. Ди лъэпкъыр и лъахэм кърахуу, зыщымыпсэуфын щIыпIэ къызэрагъэIэпхъуам къегъэлъагъуэ абы къытехьа лейр.

ЦIыху мелуанрэ мин 700-рэ кърахуащ абы щыгъуэ ди Хэкум. ЗдэкIуа щIыпIэм щетIысэха нэужь, мэжэщIалIагъэмрэ къайуэлIа узыфэ Iейхэмрэ цIыху мин 500-м нэс игъалIэурэ щIалъхьэжащ.

**КАДИОГЛУ (ШЫГЪЭЛЫГЪУЭ) Уэджит,**
*Тыркум щыIэ Кавказ зэгухьэныгъэхэм я федерацэм и тхьэмадэ.*
*Анкара къалэ*

### Апхуэдэу уеджэ хъунукъым

Шэрджэсхэм я щхьэ кърикIуам геноцидкIэ уеджэ хъунукъым, ахэр я хэку кърахуауэ аращ. Геноцидым и мыхьэнэмрэ къэхъуа Iуэхум и зэхэлъыкIэмрэ зэкIуалIэркъым. ЛъэпкъгъэкIуэд псалъэр куэдрэ къагъэсэбэп, ауэ абы къикIыр тхыдэ и лъэныкъуэкIи, хабзэ и лъэныкъуэкIи зэпкърыпхмэ, шэрджэсхэм я насыпыншагъэр кърибгъэлъэгъуэныр къезэгъыркъым.

Пэжщ, гузэвэгъуэшхуэ къащыщIащ абыхэм икIи хуабжьу зыхащIащ. Уеблэмэ, я хэку ирагъэIэпхъукIа нэужькIи куэдым лей къатехьащ, Iэджи хэкIуэдащ. Ауэ, зэрыжысIащи, геноцидым щIэныгъэ и лъэныкъуэкIэ иIэ мыхьэнэмрэ зи хэку зрагъэбгынамрэ зэхуаIуэху щыIэкъым.

**КУТ Шуле,**
*доктор, профессор.*
*Адапазар къалэ*

### Зы гупсысэ пыухыкIам дытевгъэт

Шэрджэсхэм ящыщ куэд яукIащ. Зи щхьэ псэууэ хэзыхыфахэм Анатолием зыкъадзащ. Ауэ къыхэгъэщыпхъэщ Кавказым кърахуар шэрджэсхэм зэрамызакъуэр, атIэ нэгъуэщI лъэпкъ цIыкIу куэдми лей къатехьащ.

Мыбыхэм лъэпкъгъэкIуэд къыхуагъэкIуауэ жыпIэныр къезэгъыркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, апхуэдэхэм и деж къанэ щымыIэу зэтраукIэ, я бзэр, хабзэр, тхыдэр фIагъэкIуэд.

Шэрджэсхэм я Iуэхум теухуауэ упсалъэмэ, мыхэр зы гупсысэ пыухыкIам тетын хуейщ. Мыбыхэм ящыщхэр Урысейми кърихуащ, языныкъуэхэри езырезыру къикIащ.

ЦIыху куэд зэтраукIащ, ауэ лъапсэрыхыр къахуэкIуакъым.

**ХАЛАДЖОГЛУ Юсуф,**
*доктор, профессор.*
*Измир къалэ*

## Дэри ди бзэкIэ деджэну дыхуейщ

**Шэрджэсхэр Кавказым къызэрырахурэ илъэси 148-рэ щрикъум ирихьэлIэу щыгъуэ пэкIу ирагъэкIуэкIыну Истамбыл Барбароссэ утым щызэхуэсащ. Тырку къэралым и къалэхэм, куейхэм щыIэ Адыгэ Хасэ 54-м хэтхэр къекIуэлIащ накъыгъэм и 20-м.**

ТЫРКУМ щыIэ Кавказ зэгухьэныгъэхэм я федерацэм къызэригъэпэща зэIущIэм хэтащ адыгэхэри, абхъазхэри, осетинхэри, шэшэнхэри, Кавказым щыщ нэгъуэщI лъэпкъ цIыкIухэм къахэкIахэри. Долмабахча Сарай гупэм деж щызэхуэса гупыр Барбароссэ утым кIуащ. Абыхэм я нэхъыбэм яIыгът шэрджэс, абхъаз, осетин, шэшэн лъэпкъхэм я бэракъхэр.

Абдеж лIыкIуэхэм я гупэхэр тенджыз ФIыцIэм хуагъазэри, илъэси 148-рэ и пэкIэ хэкIуэда я лъэпкъэгъухэм зы дакъикъэкIэ щыму яхуэщыгъуащ.

ПэкIум щызэхуэсахэм яIыгъ плакатхэм инджылыбзэкIэ, тыркубзэкIэ тетхат: «Илъэси 148-рэ и пэкIэ къыдащIар зэи тщыгъупщэнукъым», «Лъапсэрыхыр къытхуагъэкIуащ», «Мы щIыпIэм залымыгъэкIэ дыкъыщахум, тыркубзэ тщIэртэкъым, иджы ди бзэр тщIэжыркъым», «Шэрджэс телевиденэ диIэн хуейщ», «Адыгэбзэр дывгъэхъумэ!»

Щыгъуэ махуэм ирихьэлIэу зэхуэса шэрджэсхэм къагъэувхэр мырат:

- къэрал Конституцэм лъэпкъым и хуитыныгъэр къихъумэу хабзэ хэтмэ, зэрышэрджэсыр жаIэну, зыхуейхэр пхагъэкIыну Iэмал ягъуэтыныр;
- я анэдэлъхубзэкIэ еджэныр;
- адыгэбзэкIэ жэщи-махуи къэпсалъэу телевиденэрэ радиорэ яIэныр;
- Урысейми Тыркуми я цIыхуу зэрыщытымкIэ паспорт къыдахыфыныр;
- хэкурысхэм пыщIэныгъэ хуаIэныр.

**ЮЗКАЯ Сефэ.**
*Истамбыл.*
*«HURRIYET» («Хуитыныгъэ») газетым къитхыжащ.*






## Бешикташ хьэблэм къекIуэлIа Хасэхэр

1. Адана Адыгэ Щэнхабзэ Хасэр
2. Афсин Кавказ Щэнхабзэ Хасэр
3. Анкара Адыгэ Хасэр
4. Анталье Кавказ Хасэр
5. Айдын Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр
6. Балыкёсир Адыгэ-Шэрджэс Щэнхабзэ Хасэр
7. Бандырма Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр
8. Бигэ Кавказ Щэнхабзэ Хасэр
9. Биледжик Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр
10. Болу Кавказ Хасэр
11. Бозуюк Кавказ Ищхъэрэ Хасэр *(Эскишехир епхащ)*
12. Бурсэ Адыгэ Щэнхабзэ Хасэр
13. Чорум Кавказ Хасэр
14. Дузджэ Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр
15. Эскишехир Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр
16. Газиантеп Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр
17. Гёксун Адыгэ Щэнхабзэ Хасэр *(Кахраман-*Мараш вилайет)
18. Гёнен Кавказ Щэнхабзэ Хасэр *(Балыкёсир епхащ)*
19. Хамамозу Кавказ Хасэр *(Амасья вилайет)*
20. Инегёл Шэрджэс-Адыгэ Щэнхабзэ Хасэр *(Бурсэ епхащ)*
21. Искендерун Кавказ Щэнхабзэ Хасэр
22. Истамбыл Кавказ - 1864 Щэнхабзэ Хасэр
23. Истамбыл Кавказ Щэнхабзэ Хасэр
24. Истамбыл Узун-Яйла Кавказ Щэнхабзэ икIи ФIыщIэ Хасэр
25. Истамбыл Бахчелиевлер Кавказ Щэнхабзэмрэ ЗэдэIэпыкъуныгъэмкIэ Хасэр
26. Кахраман-Мараш Кавказ Щэнхабзэ Хасэр
27. Караджабей Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр *(Бурсэ)*
28. Карадениз къалэ Кавказ Щэнхабзэ Хасэр *(Зонгулдак къалэм епхащ)*
29. Карли къуажэм и Кавказ Щэнхабзэ Хасэр *(Айдын вилайет)*
30. Къайсэр Кавказ Хасэр
31. Кириккале Кавказ Щэнхабзэ икIи ФIыщIэ Хасэр
32. Коджаели Кавказ Хасэр
33. Кутахие Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ икIи ЗэдэIэпыкъуныгъэ Хасэр
34. Манисэ Кавказ Хасэр
35. Мерсин Кавказ Щэнхабзэ икIи ФIыщIэ Хасэр
36. Мерзифон Кавказ Хасэр *(Амасья вилайет)*
37. Мустафа Кемал-пэщэ Кавказ Щэнхабзэ Хасэр *(Бурсэ)*
38. Назилли Кавказ Хасэр *(Айдын вилайет)*
39. Рейханлы Адыгэ Хасэр *(Хатай вилайет)*
40. Сакария Кавказ Щэнхабзэ Хасэр
41. Самсун Кавказ Хасэр
42. Синоп Кавказ Хасэр
43. Сивас Кавказ Ищхъэрэ Щэнхабзэ Хасэр
44. Сомэ Кавказ Щэнхабзэ Хасэр *(Айдын вилайет)*
45. Сёке Кавказ Хасэр *(Айдын вилайет)*
46. Сунгурлу Кавказ Щэнхабзэмрэ ЗэдэIэпыкъуныгъэмкIэ Хасэр *(Чорум вилайет)*
47. Сусурлук Кавказ Хасэр *(Балыкёсир вилайет)*
48. Шаркишла Кавказ Хасэр *(Сивас вилайет)*
49. Терме Кавказ Хасэр *(Самсун вилайет)*
50. Токат Адыгэ Хасэр
51. Турхал Кавказ Щэнхабзэ Хасэр *(Токат вилайет)*
52. Узун-Яйла ЩэнхабзэмрэЗэдэIэпыкъуныгъэмкIэ Хасэр *(Къайсэр вилайет)*
53. Везиркупру Кавказ Щэнхабзэ Хасэр *(Самсун вилайет)*
54. Яловэ Адыгэ Щэнхабзэ икIи ФIыщIэ Хасэр

## КАФФЕД-м псори зэришалIэрэ?

● Гу зылъытапхъэ

**Тыркум щыIэ Кавказ зэгухьэныгъэхэм я федерацэм Адыгэ Хасэ 58-рэ къызэщIеубыдэ. Абыхэм я къалэн нэхъыщхьэр, я Уставым къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, Хэкум къэгъэзэжыным, адэжь лъахэм исхэм зэпыщIэныгъэ куу яхуиIэным телэжьэнырщ.**

KAFFED-р илъэс 12 хъуауэ щолажьэ Тыркум. Абы и пэ а зэгухьэныгъэм зэреджэу щытар KAFDER-щ, ар илъэс 20-кIэ лэжьащ. А пIалъэм къриубыдэу Тыркум щыIэ Кавказ зэгухьэныгъэхэм я федерацэм тхьэмадэу тетащ Агъашэ Мухьиттин, Гугъэв Джихьэн сымэ, иджы мазих и пэкIэ Кадиоглу (Шыгъэлыгъуэ) Уэджит ягъэуващ.

Тырку Республикэр Евросоюзым хыхьэну зэрызигъэхьэзырым ипкъ иткIэ, абы ис лъэпкъ цIыкIухэр нэхъ щхьэхуит хъуащ. Нэхъапэм мы ищхьэкIэ къыщыдгъэлъэгъуа хасэхэр хуиттэкъым жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм нэхъыбэу къекIуалIэ лъэпкъым и цIэр фIащыну. АтIэ Кавказрат Iэмал имыIэу зэрахьэн хуейр. Ауэ иужьрей илъэситI-щым адыгэ, шэрджэс цIэхэр къыхэщу фIащ хъуащ. Мыдрейхэри дяпэкIэ абы хуэкIуэну къыщIэкIынущ.

Къыхэгъэщыпхъэщ, Къайсэр вилайетым щылажьэ Хасэхэм Кавказ цIэр къыхуагъэнэнкIэ хъуну зэрыщытыр, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы щыпсэу къэбэрдейхэм, хьэтыкъуейхэм, абэзэхэхэм я къуажэхэм къабгъэдэсщ абазэхэмрэ шэшэнхэмрэ. Аращи, адыгэхэм кърагъэкIуркъым ар я лъэпкъыцIэмкIэ яхъуэжыну.

Абхъаз Республикэр къэралыгъуэ щхьэхуит зэрыхъурэ Тыркум ис абхъазхэр KAFFED-м къыхэкIыжащ икIи езыхэм я зэгухьэныгъэ щхьэхуэ къызэрагъэпэщащ.

Гу зэрылъыфтащи, Кавказ зэгухьэныгъэхэм я федерацэм хыхьэ хасэхэм я цIэм къыбжеIэ абыхэм ягъэзащIэ мыхьэнэр. Къапщтэмэ, нэхъыбэр щэнхабзэр, бзэр хъумэным толажьэ, языныкъуэхэм, «зэдэIэпыкъуныгъэ», «фIыщIэ» цIэхэр зезыхьэхэм, я лъэпкъэгъу унагъуэ хуэмыщIахэм, зи Iуэху дэмыкIхэм зыщIагъакъуэ.

Къыхэгъэщыпхъэщ KAFFED-м къызэщIиубыдэхэм нэмыщI, иджыри адыгэ хасэ 30 хуэдиз Тыркум зэрыщылажьэр. Абыхэм я пщэм далъхьэж къалэнхэр хуабжьу къыщхьэщокI мыдрейхэм яйм. Къапщтэмэ, Бирлешик (Зэкъуэт) Кавказ Хасэм зэгухьэныгъэ 15 хуэдиз къызэщIеубыдэри, абыхэм я мурадщ Кавказыр зы къэралыгъуэ щхьэхуэу яухуэу абы дэлэжьэну, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ахэр Урысейм къыпэщIэт мэхъу.

Абы къищынэмыщIауэ, хасэ 15 щыIэщ диным, фIы щIэным, зэдэIэпыкъуным хуэлажьэу.

Тыркум щызэхэт IуэхущIапIэхэм ящыщщ щихъ Щамил и фондыр. Ар еджакIуэхэм, диным и лэжьакIуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуохъу.

**ГЪУКIАКЪУЭ Идар.**

● ДифI догъэлъапIэ

# Нобель лауреатым и «Тхылъ фIыцIэр»

**Тыркум щыщ адыгэ тхакIуэ цIэрыIуэ Памукъ Орхьан илъэс 60 ирокъу**

**2006 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м Швецием щекIуэкIащ Нобель саугъэтыр зыхуагъэфэщахэр щагъэлъапIэ зэIущIэ. Фигу къэдгъэкIыжынщи, а саугъэтыр зратахэм яхэтащ тырку литературэм и классик, лъэпкъкIэ адыгэ, мэкъуауэгъуэм и 7-м зи ныбжьыр илъэс 60 ирикъуа Памукъ Орхьан.**

**Апхуэдэ тыгъэ лъапIэр ди лъахэгъум къыхуагъэфэщащ «Истамбыл. ГукъэкIыжхэм я къалэ» лэжьыгъэшхуэм папщIэ. Швецием и пащтыхь Густав Карл XVI саугъэтыр (доллар мелуан 1,4-рэ) зрата дэтхэнэми ехъуэхъуащ.**

- Памукъ Орхьан хузэфIэкIащ щалъхуа къалэр дунейпсо литературэм и тхыдэм хитхэн. Дэ сытым щыгъуи Достоевский Федор и Петербург, Джойс Джеймс и Дублин нэ лейкIэ деплъхэрт. Иджы дэ диIэщ Памукъ Орхьан и Истамбыл, - жиIащ Швецием и академием и секретарь Ингдаль Гораций, тыгъэ лъапIэмкIэ къехъуэхъуну Орхьан утыку щрашам.

Памукъ дуней псом нэхъ цIэрыIуэ дыдэу тет тхакIуипщIым ящыщщ. Абы и новеллэхэр, романхэр, эссехэр бзищэкIэ зэрадзэкIащ икIи къэрал 99-м къыщыдэкIащ. Абы и IэдакъэщIэкIщ дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа романхэу «Тхылъ фIыцIэ», «Уэс», «БыдапIэ хужь», «Сэ къызэрызэджэр Плъыжьщ», нэгъуэщIхэри. Абыхэм тхакIуэм къыщигъэлъэгъуэжащ иджырей тырку жылагъуэм и щыIэкIэ-псэукIэр. Орхьан «Европей къызэIухыныгъэ» тырку лъэпкъ саугъэтым, Дублин литературэ саугъэтым я лауреатщ.

Тыркум и лIыщхьэхэр Памукъ Орхьан хуэарэзыкъым, зэхэзехуэни ящIащ зэгуэр лей зытехьа ермэлыхэмрэ курдхэмрэ къазэрыдэщIам щхьэкIэ. Нобель саугъэтым и лауреатыр иджыпсту США-м щопсэу.

**АБЫКЪУ Данэ.**





















И адэ-анэмрэ и къуэш нэхъыщIэмрэ я гъусэщ. Орхьан ижьымкIэ щысщ. *1965 гъэ*



Ильэси 10 ирокъу.





**Нобель саугъэтыр кърат.** *Стокгольм, 2006 гъэ, дыгъэгъазэм и 10*



Истамбыл зыщегъэпсэху. *1992 гъэ*



**ПАМУКЪ Орхьан**

# Унэ даущыншэ

**Романым щыщ пычыгъуэ**

ГУАЩЭМ и джэ макъ щызэхэсхым, унэм сыщIэлъэдащ. И пэшым къыщIэбэкъукIауэ, бжэщхьэIум тетт гуащэр.

- Сыт мы унэм къыщыхъур? КъызжеIэ!- къысщIэкIиящ гуащэр.

- Зыри! - жысIащ сэ сыбауэ-сыбапщэу.

- Дауэ зэрызырикIыр? Мор хьэщхьэрыIуэ зэрыхъуар плъагъуркъэ? Еплъ!

Гуащэм и башыр пэшымкIэ ишиящ. Пэшым сыщIыхьащ: гуащэм и гъуэлъыпIэм зриукъуэдияуэ илът Метин, ныбэгукIэ хэIубауэ.

- СиукIын мурад иIащ мобы. Уэракъэ сызэупщIыр, Рэджэб: сыт мы унэм къыщыхъур? КъысщумыбзыщI!

- КъэхъуаIакъым. - естащ жэуап. - Метин-бей, ар екIурэ? Къэтэдж.

- СыщIэш мы унэм. Си псэр щIэзэгъэжыркъым.

- Хъунщ, - жысIащ сэ. - Метин-бей тIэкIу ефауэ аркъудейщ, гуащэ. ЩIалэщ, фадэр езэгъакъым. И адэри и адэшхуэри аратэкъэ - фадэ яхуэхьыртэкъым.

- Абы сыщIэупщIэркъым сэ...

- Тэдж, Метин-бей, - жысIащ. - НакIуэ, пIэ пхуэсщIынщи, узгъэгъуэлъынщ.

Метин къызэфIэуващи, мэщэнауэ. Пэшым дыкъыщыщIэкIым Метин и адэшхуэм и сурэтым хуеплъэкIащ, и нэпсым къызэпижыхьауэ.

- Си адэмрэ си анэмрэ я гъащIэр кIэщIт, къапсэуа щыIэкъым. Сыт къызыхэкIар, Рэджэб?

ЗезгъэтIэщIынути, къысхуидакъым, сыкъыIуигъэкIуэтащ.

Гуащэр къызэджащ аргуэру.

- Мы къатым сынешэх, Рэджэб. Си нэкIэ зэзгъэлъагъунущ абыхэм ящIэр.

- Зыри ящIэркъым, - жысIащ. - Нильгюн тхылъ йоджэ, Фарукъ кIуэжащ.

- Дауэ зэрыкIуэжар? Я кIуэжыгъуэ хъуа? Сыт яжепIар? ПцIы къысхуумыупс.

- Пхуэзупсыркъым. НакIуэ, узгъэгъуэлъыжынщ. - Сэ гуащэм и пэшым сыщIыхьащ.

- Мы унэм зыгуэр къыщохъу... Си пэшым ущIэмыхьэ, ирикъунщ си пэшым зэрызыщыпхущыхьар, - жиIащ гуащэм, си ужь здитым.

- Гуащэ, гъуэлъи, зыгъэпсэху, уешащ, - жысIащ сэ. Метин и джэ макъ зэхэсхащ. Къатым сыкъехыжащ. ЩIалэр къызбгъэдэкIуэтащ. Абы и джанэ Iэщхьэр лъы защIэт.

- Сыт къэхъуар? - къэщтащ Нильгюн.

- Зыри. Си Iэр сыуIэжащ. Бжьэхуц естащ Метин, ар уIэгъэм щытрилъхьэм, Нильгюн къыдбгъэдыхьащ.

- Уи Iэпхъуамбэращ буIэжар. Къэхъуа щыIэкъым, - жиIащ пщащэм.

Гуащэр къызэджати, етIуанэ къатым сыдэжеящ, псы щIыIэ езгъафэри згъэгъуэлъыжащ, къызэрымыхъуаIари жесIэри сыкъехыжащ.

Нильгюн тхылъыр зэрыIэщIэлъщ. Фарукъ хадэм итщи, шыгъуэгубжэм къоныкъуэкъу.

- Бжэм хьэлъкъ етакъым, - жысIащ сэ.

- КъэхъуаIа? - щыжиIэм, аркъэмэ къысщIихьащ.

- УзыщIэупщIэр Нильгюн-хъаныммэ, абы лажьэ иIэкъым.

- Лажьэ иIэкъым...

- НакIуэ, унэм ныщIыхьэ.

Фарукъ-бей унэм щIэсшащ. ЩIыIалъэм дэIэбэри, зы аркъэ башырыбэ къыдихащ, ар къытехьэлъа хуэдэ, ещIэри, лъэбакъуитIкIэ икIуэтыжащ. Зэрыхъуари сщIэркъым. Си шэнтым зытригъэщIащ абы, жьыр къыпиубыдауэ.

- Узыхуэсакъыжын хуейщ, Фарукъ-бей, - жысIащ сэ. - КуэдыIуэ уофэ.

Зыкъомрэ щымри, къыспидзыжащ:

- СощIэ.

Абы къыфIигъэкIакъым. Бащырыбэр зыIэщIиубыдауэ щысщ.

- Лэпс уефэн? - сеупщIащ Фарукъ-бей. - Лэпс пщтыр сиIэщ.

- Къысхуэхь.

Лэпс къэсхьауэ, Метин къигъэзэжащ.

- Метин, Истамбыл бгъэзэжын мурад уиIэ? - щIэупщIащ Фарукъ. - Истамбыл зэрыщытщ, зыкIи зихъуэжакъым.

- ТIури фычэфщ, хэт рулым бгъэдэсынур? - игъэщIэгъуащ Нильгюн.

- Сэращ, - жери къыщылъэтащ Метин.

- Хьэуэ, - идакъым Нильгюн. - Ныщхьэбэ псори дызэбгъэдэсынщ, дыздэуэршэрынщ. Аращ зэдэлъхузэшыпхъухэм я хабзэр.

- Хъыбарщ! - жиIащ Фарукъ-бей, заулкIэ щымри, къыщIигъужащ: - Щхьэусыгъуэ зимыIэ хъыбар зэфэзэщщ.

- ПцIыщ! Щхьэусыгъуэншэкъым.

- Уи тхьэ узэреплъщ. Бужэгъуакъэ иджыри?

- Фи тIуалэр зэтефпIэ, ирикъунщ къэвбжар! - къахуэгубжьащ Метин.

- ЗгъэщIагъуэращ: КъухьэпIэм дыкъыщыхъуамэ, дауэт дызэрыщытынур? - хэгупсысыхьауэ щIэупщIащ Фарукъ. - Франджы унагъуэ дыхалъхуатэмэ, Метин насыпыфIэ хъуну пIэрэт?

- Хьэуэ, - жиIащ Нильгюн. - Абы и плъапIэр Америкэрщ.

- Пэж, Метин?

- ЩIэфчэ иджы, - къилъащ Метин. - Си жеин къокIуэ.

- Мыбдей ущымыжей, Метин-бей. ЩIыIэ къоуэкIынщ, - жысIащ сэ.

- УкъыхэмыIэбэ. Уи Iуэхукъым.

- Уэри лэпс къыпхуэсхьын?

- Ей, Рэджэб! - хэщэтыкIащ Фарукъ-бей. - Рэджэб-Рэджэб!

- Къысхуэхь! - жиIащ Метин.

ПщэфIапIэм сыкIуэри, лэпс къэсхьащ. Фарукъ-бей и гущIыIур дэгъэзеяуэ диваным илъщ, унащхьэм дэплъейуэ.

- Зы къаткIэ удэкIуейрэ угъуэлъмэ, нэхъыфIкъэ? - Ар жысIа къудейуэ гуащэм и макъ къэIуащ - сэрат зэджэр. ЩIэх схуэгъэсабыракъым гуащэр. Сытми, селIалIэурэ згъэгъуэлъащ, зы шэфтали естащ. Къыщызгъэзэжам, Фарукъ-бей жейм хилъэфауэ пырхъырт, ныбжьышхуэ зиIэ лIыжь нэхъей.

Щхьэж и пэшым сыщIыхьэурэ я щащыхухэр зэхуэсхьэсащ. Нильгюн фIыщIэ къысхуищIри, щащыхур зытриубгъуащ. Фарукъ-беи теспIащ щащыхур.

- Сэ сыхуейкъым, - идакъым Метин. - Уэздыгъэр гъэункIыфI.

Нильгюн зыри щыжимыIэм, уэздыгъэр згъэункIыфIащ. ИтIани слъагъурт псори, щхьэгъубжэм нэху къыдидзырти. Зэрыгукъеуэншэм щхьэкIэ сехъуапсэрт зэдэлъхузэшыпхъухэм: кIыфIри, жэщ щIыIэри зыхащIэркъым. Фарукъ-бей соплъри, сигу согъэфI: дыгъэр ужьыхрэ кIыфIыбзэ хъуми, укъыщIыхэщтыкIын щыIэкъым. Шынагъуэр дунейр къытеункIыфIа нэужьщ. Нэху щыху сабгъэдэсынщ абыхэм, сатеплъэкъукIынкъым - арат сызэгупсысыр, Нильгюн и макъ къыщыIуам:

- Рэджэб, иджыри ущыс?

- Сыщысщ.

- Щхьэ умыгъуэлъыжрэ?

- Арат си мурадыр, - жысIащ сэ.

- КIуэ, гъуэлъыж. Сэ зыри зыдэзгъэуэркъым.

ПщэфIапIэм сыщIыхьэри шэ сефащ, шху гуащIи тесфыхьыжащ. Сыгъуэлъа щхьэкIэ, жейм сезэгъакъым. ЗызогъэкIэрахъуэри сыхэлъщ, си щхьэм къимыхьи щыIэкъым. Сэлахьэттин-бей си нэгу къыщIыхьэжащ. Си щIалэ тхьэмыщкIэ, щхьэ фезмыгъэджарэт уэрэ Измаилрэ? Къуажэм фыдиддзэри, жылэм факъыкIэригъэхуащ фи адэкIэ зэджэм. Си зэрани хэлъщ абы: Фатмэ сыпэрыуэфакъым къуажэм фыщыдадзэм. Си насыпыншагъэщи, кIасэ хъуащ: фезгъэджэжыфынукъым - жьы сыхъури, си лIэгъуэр къэсащ...

Сыхэжеящ а жэщым, дыгъэр къыщIэкIауэщ сыкъыщыушар. Си щхьэгъубжэм зыгуэр къытеуIуэри, абы сыкъызэщигъэуащ. Измаилт ар. Бжэр хуIусхащ. Дыкъэштащ тIури - дызоплъри дыщытщ, зыр зым игъэкъуаншэ хуэдэ. Нэщхъейуэ къызэупщIащ: «Хьэсэн къэмыкIуауэ пIэрэ уи деж?» «Хьэуэ, - естащ жэуап. - КъыщIыхьэ, Измаил». Ар пщэфIапIэм щIэсшащ; жыхафэгум иуващи, зыгуэрым жьэхэуэн хуэдэ зеплъыхь. ТIури дыщымщ. ИтIанэ нэщхъейуэ къызэупщIащ: «Абы ищIам ущыгъуазэ?» Жэуап естакъым, пэшым сыщIыхьэри, си джанэ-гъуэншэджыр зэсхъуэкIащ. ПщэфIапIэм къыщIопсэлъыкI езыр: «КъызэрызэлъэIуауэ хъуар хуэсщIащ. ЖьакIэупсым и къуэдзэ IэнатIэм схуеувэлIакъым. Ерэхъу-тIэ, жесIащ, еджэ. АбыкIи къызэдэIуакъым. Гъусэ зыхуэхъуахэм къасхукIэрычакъым: сатуущIэхэр яхъунщIэ, аращ IэнатIэ хуэхъуар». Къыщиудын си гугъащ, игу хэщIырти. УкIытауэ къызэупщIащ итIанэ: «Пщащэр дауэ щыт?». «Дыгъуасэ хъарзынэт, иджыпсту мэжей, - естащ жэуап. - Сымаджэщым яшакъым. Яшэн хуеящ сымаджэщым». Измаил гуфIауэ къысщыхъуащ. «Удын хуэхъуагъэнкъым, сымаджэщым щамышакIэ»». ЗаулкIэ сыщымри, жысIащ: «Сэ псори слъэгъуащ, Измаил. Слъэгъуащ ар абы зэреуар». Езыри зыгуэркIэ къуаншэ хуэдэ, ар щэтащ, збгъэдэкIуэтри, си шэнтым тетIысхьащ. Гъын си гугъащ ар. Гъакъым. Шэнтым зэрытесщ.

Заул дэкIри, ищхьэкIэ джэ макъ къиIукIащ, шей згъэвэнути, псы къизгъахъуэри, гуащэм деж сыкIуащ.

- Уи пщэдджыжь фIыуэ, - сэлам есхащ гуащэм. - Унехыну, хьэмэ мыбдежра ущышхэнур? Щхьэгъубжэр зэIуздзащ.

- Си пэшращ, - жиIащ абы. - Си къуэрылъхухэм къысхуеджэ. Зэзгъэлъагъунущ.

- Ахэр иджыри мэжей, - жысIащ сэ. - Къэушмэ, сыкъеджэнщ.

Гуащэм деж сыкъыщIэкIыжри къэзгъэзэжащ. Нильгюн къэушакIэт.

- Сыт ухуэдэ, дахэ?

- Лажьэ сиIэкъым, Рэджэб, - къызитащ жэуап. - Сыузыншэ дыдэщ.

ИтIани и фэр сигу ирихьакъым: и зы нэр щIилъэфат, и уIэгъэри е екIуауэ къысщыхъуащ.

- Сымаджэщым икIэщIыпIэкIэ унэсын хуейщ, - жысIащ сэ.

- Си дэлъхур къэуша? - къызэупщIащ ар.

Жэуап естри, пщэфIапIэм сыщIыхьащ. Измаил къыздэзгъэнам деж щыст. Шей згъэващ. Измаил сыщигъэгъуэзащ: «Дыгъуасэ полицэр къэкIуащ. «ФымыгъэпщкIу ар», - жаIащ. Жэуап естащ полицэм: «Сыт щIэдгъэпщкIунур? Къэралыр къыхэмыхьэ щIыкIэ, сэ абы хуэфащэр лъызгъэсынщ». Зыри щыжызмыIэм, гъын къысфIэщIащ. ЗишыIащ. Гъакъым. «Сыт абыхэм жаIэр» - абы нэхъ къыфIигъэкIакъым, тутын щIигъэнащ, жэуап щезмытым. «Дэнэ ар къыщыслъыхъуэнур?» Сэ щIакхъуэ супщIэтащ. «Абы ныбжьэгъу и мащIэкъым, ефапIэм ядокIуэ, - хэгупсысыхьащ ар. - И ныбжьэгъухэм йодаIуэри аращ псори къызыхэкIар. Езым зыри ищIэркъым». Сызэрыщымти, и псалъэм къытригъэзэжащ: «Езым зыри ищIэркъым! Зыми щыгъуазэкъым».

ЩIакхъуэ супщIатэри, етIуанэ къатым сыдэкIуеящ. Фарукъ-бей зиужьакIэт. Жэщым зэпщIыхьар Нильгюн хуиIуэтэжырт абы:

- Тхыдэм и мелыIычым и IэплIэм сыкъихута хуэдэт. ГъащIэм и щэху псоми щыгъуазэ уд фызыжь нэхъей, абы сыкъигъэгугъащ: тхыдэм и щэху псори пхуэзэIусхынщ сэ уэ...

- Аращ сызэпщIыхьар. Сыкъэшынащ сыкъащтэри. Сыкъэуша си гугъэ щхьэкIэ, жейм сыхэтт иджыри. Аракъэ зэрыхъу хабзэр: укъэушыну ухуейщ. Ауэ уи нитIыр къыпхуэтехыркъым - жейм ухелъэсэж, аргуэрыжьщи... Си жыпым зэхэупIышкIуа гуэр илъ си гугъэщ. Сыт ар?

- Мыр елъ! - игъэщIэгъуащ Нильгюн. - Фескэщ!

- Фескэщ, пэжщ. Туристхэм фескэ ящхьэрыгъащ дыгъуэпшыхь къыщыфэм щыгъуэ. Зэрыхъуари сщIэжыркъым - си жыпым къихутащ фескэр.

- Пщэдджыжьышхэр къыфхуэсхьын? - сащIэупщIащ сэ.

- Къытхуэхь, Рэджэб, - къызжаIащ.

Истамбыл ягъэзэжынути, гъуэгур зэпэубыда мыхъу щIыкIэ ежьэжын я мурадт абыхэм. Сэ пщэфIапIэм сыкIуащ. ДжэдыкIэ згъэващ, пщэдджыжьышхэр щесхьэжьэм Измаил жиIащ: «Ар здэщыIэр уэ пщIэуэ къыщIэкIынщ. Уэ унэм ущIэмыкIми, псори япэ зэхэзыхыр уэращ, Рэджэб». А псалъэм сигъэгупсысащ. «Уэ пщIэм хуэдизыбзэщ сэри сщIэр, Измаил». Абы щIызгъужащ ар тутын ефэу зэрыслъэгъуар. Гурыщхъуэ ищIауэ фэ есплъащ Измаил, пцIы хуэзупс къыщыхъуагъэнт. ИтIани и гугъэр хихыжагъэнтэкъыми, къыщIигъужащ: «Дэнэ кIуэн? Гува-щIэхами зэ къигъэзэжынкъэ? Махуэ къэс Iэджи къохъу, Iэджэ хокIуадэ, зэман тещIэмэ, ящогъупщэж». ЗаулкIэ щымри, къызэупщIащ: «ЯщыгъупщэжынкъыпфIэщIрэ, Рэджэб?» Шей хуизгъахъуэри, езубыдылIащ: «Уэ пщыгъупщэжын, Измаил?»

Гуащэм деж сыкIуащ.

- Псоми заужьащ, - жесIащ гуащэм. - Уэращ зыпэплъэр, уадэшхэнумэ.

- Мыдэ къеджэ! - унафэ ищIащ гуащэм. - Зыгуэр яжесIэн мурад сщIащ. Абы уи пцIыр я фIэщ хъуну сыхуейкъым.

Iэнэр къыщызгъэувым, Метини къэушащ. Нильгюнрэ Фарукърэ мэгушыIэ, Метин щымщ. ПщэфIапIэм згъэзэжа нэужь, Измаил къызэупщIащ: «ЖэщитI мэхъу Хьэсэн унэм къызэримыхьэжрэ. Абы ущыгъуазэкъэ уэ?» Сызэрыщымыгъуазэр жесIащ. «Щыблэ щыуа жэщми къэкIуэжакъэ?» - «КъэкIуэжакъым. Дунейкъутэж хъуати, дыгузэващ». «Уэшхым щыхиубыдэм, егъэзыпIэ гуэр къигъуэта хъунщ», - жысIащ сэ. «Мыбы къэкIуэжакъэ?» «КъэкIуэжакъым, Измаил». Iэнэм шей тезгъэуващ, щIакхъуэрэ джэдыкIэрэ теслъхьащ.

- Шэ уефэн, Нильгюн-хъанум?

- Сефэнукъым, - жиIащ пщащэм.

Гуащэм шхын хуэсхьащ. Ар къызэупщIащ:

- Щхьэ къэмыкIуэрэ ахэр си пэшым? Сазэреджар яжепIакъэ?

- ЯжесIащ. Шхэмэ, ежьэжын и пэ къэкIуэнурэ укъалъагъунущ.

Гуащэр пIэкум къитIысхьащ:

- Дыгъуэпшыхь сыт яжепIар абыхэм? ПцIы къысхуумыупс!

- Сыт яжезбгъэIэнур - къызгурыIуэркъым.

Ней-нейуэ къызэплъафIэкIа, гуащэм зыри къыпидзыжакъым. ПщэфIапIэм сыщIыхьэжащ, гуащэм деж сыкъыщIэкIыжри.

- Си тетрадыр згъуэтыжыркъым, - къысхуэтхьэусыхащ Фарукъ-бей.

- Дэнэ щыбзэхар?

- Маршынэм къизнащ. Си ужькIэ маршынэм Метин исащ, ауэ абыи илъэгъуакъым.

- Метин, плъэгъуакъэ? Плъэгъуарэ умылъэгъуарэ къыджеIэ! - щIэкIиящ абы Нильгюн.

- Фи тетрадь згъэхъуркъым сэ!

Измаил сэрэ дыпсэлъэмакъыншэщ, бжэр Iугъэузэ щIыкIащи, пщIантIэм дыдоплъэри дыщысщ. СфIэгуэныхь хъуащ Измаил: и фэр пыкIащ, къыщиудын къудейщ.

- Сежьэжынщ, - жиIащ абы, къэтэджыжри.

- УмыпIащIэ, - згъэтIысыжащ. Мохэр ежьэжа нэужь, дызэбгъэдэсынщ, дыуэршэрынщ.

Фарукъ-бей шхэри, къэтэджыжащ:

- Ди анэшхуэм утемыплъэкъукI, Рэджэб. ЩIэхщIэхыурэ дыкъэпсэлъэнщ. Гъэмахуэр имыкI щIыкIэ иджыри зэ къытезгъэзэжэнущ.

- Ди гуапэ дыдэ хъунущ.

- Зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ, занщIэу нэпсалъэ. УзыхуейIами нэпсалъэ.

- Уэ сымаджэщым укIуэнукъэ уемыжьэж щIыкIэ?

- Си мурадщ.

- Си гур къокIуэ, - къэтэджыжащ Нильгюн.

- ФынакIуэ, дежьэжынщ, - жиIащ Метин.

- Уемыжьэжамэ, нэхъыфIтэкъэ? Сыт Истамбыл дэпщIыхьынур? - щIэупщIащ Фарукъ.

- Фэ щхьэхынэхэм къэвмылэжьыфа ахъшэр зэзгъэпэщынущ, - жиIащ Метин. - Сабийхэр езгъэджэнущ, сыхьэт къэс лирэ щитIрэ щэ ныкъуэрэ къызатынущ. КъывгурыIуа?

ПщэфIапIэм Измаил сыщрихьэлIэжащ. «Сэ сокIуэж, - жиIащ абы. - Хьэсэн зыкъомрэ къиджэдыхьынщи, къекIуэлIэжынщ. Пэжкъэ, Рэджэб?»

- КъекIуэлIэжынщ, - жысIащ сэ. - Дэнэ кIуэн-тIэ? УмыпIащIэ, Измаил. ТIыс.

Измаил армыгъуейуэ згъэтIысыжащ. Унащхьэм башкIэ къытеуIуащ - гуащэрат къызэджэр:

- Рэджэб! Дэнэ ущыIэ? Сыт фщIэр?

Фызыжьым жесIащ и къуэрылъхухэм къалъагъуну зэрагуапэр. Абыхэм я пхъуантэхэр щIэсхауэ къыщызгъэзэжам Нильгюн и щхьэр къыфIэхуауэ тахътэм ист - и гур къекIуагъэнут. Шэ ефэмэ, нэхъыфI къэхъужын сфIэщIырти, пщэфIапIэм сыжащ. ЩIэх дыдэ къэзгъэзэжащ. Нильгюн и псэр хэкIакIэт. «Сэращ зи лажьэр, - жысIащ сигукIэ. - Нышэдибэ шэ схуефатэмэ, ар къыщыщIынутэкъым». Дохутыр къеджати, и щхьэм лъы дэуейри аращ зэрылIыкIар, къыджиIащ.

Дызэхэувэжауэ, жыхафэгум дитщ. Ди нэр къытхутечыркъым пщащэ тхьэмыщкIэм - къэхъужу къызэфIэтIысхьэжын ди гугъэщ...

*ЗэзыдзэкIар*
**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

# ОЛИМП ЛIЫХЪУЖЬХЭР

## XXVII Олимп Джэгухэм я чемпион Къардэн Мурат



Шэрэдж районым хыхьэ Зэрэгъыж къуажэм къыщалъхуащ.

Мурат алыдж-урым бэнэкIэмкIэ Урысей Федерацэми Европэми я чемпионщ, 2000 гъэм Австралием и къалащхьэ Сидней щекIуэкIа Олимп Джэгухэм я чемпионщ. Апхуэдэ ехъулIэныгъэр зыIэрызыгъэхьа ди хэкуэгъур и лъахэм ехьэжьауэ къыщрагъэблэгъэжауэ икIи щагъэлъэпIауэ щытащ. «КъБР-м Физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэр зэрехьэ. Республикэм физкультурэмрэ спортымкIэ и министру лэжьащ, иджыпсту Президентым и чэнджэщэгъущ, унагъуэщ.

## XIV Олимп Джэгухэм я чемпион Догу (ГъукIэ) Яшар

*(1913 - 1961)*



Самсун вилайетым (Тырку) щыщ Къара-Эмир адыгэ къуажэм къыщалъхуащ. Дуней псом щыцIэрыIуэ бэнакIуэщ. «Бэнэным и тхьэ» цIэр теIукIауэ щытащ.

Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ, бэнэкIэ хуитымкIэ Тыркуми (1938 - 1954), Балкан джэгухэми (1940, 1942) текIуэныгъэр къыщихьащ.

Европэм и чемпионщ - бэнэкIэ хуитымкIэ щэнейрэ (Стокгольм, 1946; Прагэ, 1947; Истамбыл, 1949), алыдж-урым бэнэкIэмкIэ (Прагэ, 1947). Дуней псом и чемпионщ (Хельсинки, 1951).

Лондон щекIуэкIа XIV Олимп Джэгухэм (1948) чемпион щыхъуащ, къебэна псори хигъащIэри.

# Сыт мыкIуэдыжу къанэр?

**И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу япэ дыдэу Олимп чемпион хъуа Шыхъуэ Борис.**

«ЛIЫМ и гъащIэр къызэрабжыр илъэс бжыгъэкъым, ищIа Iуэхурщ», - жаIэ адыгэхэм. Шэч хэмылъу, зылI хуэфащэн илэжьащ Олимп чемпион Шыхъуэ Борис, и цIэр тхыдэм къыхэнэн, къэкIуэнум щапхъэ яхуэхъун папщIэ.



Олимп чемпион Шыхъуэ Борис

Шыхъуэ Борис 1947 гъэм Закарпатьем къыщалъхуащ. И адэ Хьэбалэ Хэку зауэшхуэм жыджэру хэта офицеру а щIыпIэм дзэм къулыкъу щищIэрт. ИужькIи абы и гъусэу Борис къэралым и щIыпIэ куэд къызэхикIухьащ икIи щыпсэуащ.

ГъащIэр къоуэри - уегъэфIэж. ХуищIэу къоуамэ - гур къиуIэу уигъэфIэжынущ. Уасэ зимыIэ щыIэкъым... Борис спортым хыхьэн хуей щIэхъуам и щхьэусыгъуэри апхуэдэ гуэрым къыхэкIащ. ЩIалэм и ныбжьыр илъэсихым нэблэгъауэ, загъэпсэхуну зэрыунагъуэу псым кIуат. Борис псы Iуфэм щыIухьэм, и лъакъуэр щIэжри гуэлым хэхуащ. Ар зылъэгъуа и анэм зыкIэлъыхидзэщ, сабийр кърикъэлри, езыр щIилъэфащ. Къунтх зэфIищIэну IукIа и адэр къыщысам, къэхъунур къэхъуат. ИужькIэ Хьэбалэ и къуэр бассейным ишащ икIи жриIащ: «Мис мыр уи гъэсакIуэщ. Уи анэм етIуанэу гъащIэ къуитащи, псым есыкIэ зэгъащIэ».

ИлъэситIым щIигъукIэ бассейным кIуами, Борис дихьэхакъым анэр зэрыкIуэдыкIам. Ауэ гу хуищIати, спортри къыхуэгъэнакъым. И адэми Iуэхур зытетыр къыщыгурыIуэм, къыпэувакъым. Борис дэзыхьэхар лъакъуэрыгъажэ спортырт. Шыхъуэм дежкIэ гуимыхужщ япэ ехъулIэныгъэр щиIар - 1966 гъэм Союзпсо чемпионат Тбилиси щекIуэкIырт. Къыщызэдэжэм ещанэу къэсри, дыжьын медалыр къихьат Борис. Тбилиси щекIуэкIа чемпионатым и ужькIэ СССР-м и командэ къыхэхам хагъэхьэри, абы и капитануи хахыжат.

Илъэс 12 тригъэкIуэдащ Борис Олимп Джэгухэм, зэрыжаIэщи, лъэбакъуэ зырызу хуэкIуэн папщIэ. А зэманым къриубыдэу махуэ къэс километр 200 къижыхьырт, дунейм и щытыкIэми емылъытауэ. ЖыпIэ хъунущ илъэс 12-м Борис гъэ къэс ЩIыр хъурейуэ зэ къижыхьауэ.

1972 гъэм Мюнхен щекIуэкIа Олимпиадэращ Шыхъуэ Борис и ехъулIэныгъэ нэхъ ин дыдэр къыщихьар. Хэку зауэшхуэм хэта и адэм абы гуфIэгъуэу иритар пхуэмыIуэтэжыным хуэдизт. Шэч хэлъкъым Борис чемпион хъунымкIэ и адэр дэIэпыкъуэгъушхуэ зэрыхуэхъуам. Нэгъуэщ сыт сэбэп хъуар жыпIэмэ, лъакъуэрыгъажэ спортым лъакъуэм и мызакъуэу, щхьэри зэрыщыгъэлэжьэн хуейр. ТекIуэну къыпщыхъухэр иужь къонэри, а фэ зытемыту къыпфIэщIахэращ бжьыпэр зыубыдыр. Шыхъуэм зэрыжиIэмкIэ, ар лъакъуэрыгъажэм илъэс 11-м тетIысхьэри, илъэс 27-рэ хъуху тесащ. Пэжу къыщIэкIынущ япэ увыпIэм щыту есар етIуанэм зэрымыувыжыфынур. И къарур нэхъ мащIэ зэрыхъур щызыхищIэм, Борис лъакъуэрыгъажэр къигъэнащ, ауэ спортыр хыфIидзакъым. Спорт ехъулIэныгъэхэм къыщинэмыщIауэ, Шыхъуэм и ехъулIэныгъэ нэхъ инхэм яхыубжэ хъунущ абы япэу 80 гъэхэм лъакъуэрыгъажэ школ къызэрызэIуихар. Школым и япэ унафэщIу щытар Шыхъуэращ. Нобэр къыздэсым, а еджапIэр нэхъыфIхэм щыщу ябж, ауэ абы и къызэгъэпэщакIуэм лъэщIыхьэн абы иджыри къыщIэкIакъым.

Шыхъуэ Борис лъакъуэрыгъажэ спортымкIэ и тхыдэм къыхэнащ дуней псом щынэхъ лъэщ спортсменхэм ящыщу. 1968, 1971, 1972 гъэхэм гуп зэпеуэмкIэ, 1968 гъэм щхьэзакъуэ зэхьэзэхуэмкIэ, 1972 гъэм махуэ куэдкIэ екIуэкIа зэдэжэмкIэ къэралым и чемпионщ. 1968 гъэм Олимп Джэгухэм хэтащ, 1970 гъэм дунейпсо чемпион хъуащ. 1972 гъэм Мюнхен щекIуэкIа Олимпиадэм дыщэ медаль къыщихьащ.

Шыхъуэр 2007 гъэм щыщIэдзауэ Самарэ къалэм спортымкIэ ветеранхэм я нэхъыщхьэщ. «Знак Почета» орденыр, «За трудовое отличие» медалхэр къыхуагъэфэщащ. Иужьрей зэманым, тхэным дихьэхауэ, спортым теухуа тхылъитI къыдигъэкIащ.

Зэманым къыдэкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэм куэд докIуэд, ауэ мыкIуэдыжу къанэр лIыхъужьхэм я цIэмрэ абыхэм зэрахьа хахуагъэмрэщ. Шыхъуэ Борис хуэдэ лIыхъужьхэмкIэ Тхьэм быныфIэ ищI адыгэр!

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

## XXII Олимп Джэгухэм я чемпион Ахэмын Еленэ

Къэбэрдейщ. И адэм дзэ къулыкъу щищIэ Уралым къыщалъхуащ. ВолейболымкIэ тренерти, и пхъум ар фIыуэ иригъэлъагъуфащ. Свердловск и «Уралочка» командэ лъэщым щыджэгуащ. Къэралым и чемпион мызэ-мытIэу хъуащ.

Москва щекIуэкI Олимп Джэгухэм волейболымкIэ и финалым щызэIущIат СССР-мрэ ГДР-мрэ я командэ къыхэхахэр. Джэгугъуиплым 3:1-уэ (15:12, 11:15, 15:13, 15:7) щытекIуэри, ди хъыджэбзхэм дыщэ медалхэр зыIэрагъэхьащ.

Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ очкоих зэкIэлъхьэужьу къэзыхьа Ахэмын Еленэ.



## XXIX Олимп Джэгухэм я чемпион Хъущт Аслъэнбэч




1980 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м Тэрч къалэм къыщалъхуащ. Алыдж-урым бэнэкIэмкIэ дунейпсо классымкIэ спортым и мастерщ. Къардэн Анзоррэ Гамзин Михаилрэ я гъэсэнщ. ЩIэныгъэ нэхъыщхьэ иIэщ - Къэбэрдей-Балъкъэр мэкъумэш академиер къиухащ. Унагъуэщ. Ди лъахэгъум Пекин и Олимп Джэгухэм я дыщэ медалыр къыщихьащ килограмм 96-рэ зи хьэлъагъхэм я деж. Къыхэдгъэщынщи, 2008 гъэр Хъущтым хуэугъурлащ. Аслъэнбэч къихьащ Дунейпсо Кубокыр, Европэ чемпионатыр, иджы Олимп Джэгухэр! Ар апхуэдизкIэ текIуэныгъэм хуэпабгъэрти, зы Iэмал закъуи иритакъым и хьэрхуэрэгъу нэмыцэ щIалэм икIи къабзэу къыфIихьащ.

## XIX Олимп Джэгухэм я чемпион Аталай (Нагъуэ) Мыхьмуд



Джамил-бей адыгэ къуажэм (Тырку) къыщалъхуащ (Аладжэ куей, Чорум вилайет).

Европэм и чемпионщ (Манчестер, 1965); ардыдэм тIэунейрэ дыжьын медалхэр къыщихьащ (Карлсруэ, 1966; Истамбыл, 1967).

Дунейпсо зэхьэзэхуэм килограмм 78-м нэс зи хьэлъагъхэм я деж щыбэнащ: Софие (1963) - еплIанэ, Манчестер (1965) - ещанэ, Толедо (США, 1966) - япэ увыпIэхэр къыщихьащ.

Токио щекIуэкIа XVIII Олимп Джэгухэм (1964) еплIанэ щыхъуащ. КъыкIэлъыкIуэу Мехикэ щыIа Олимпиадэм дыщэ медалыр къыщихьащ.

## XVI Олимп Джэгухэм я чемпион Къаплъэн (КIэкIы) Хьэмид

*(1935 - 1976)*



Хьэмэмозу адыгэ къуажэм (Тырку, Амасья вилайет) къыщалъхуащ. Тырку Республикэм бэнэкIэ хуитымкIэ пщIэнейрэ (1955 - 1964) и чемпионщ. Польшэмрэ Даниемрэ (1955) щекIуэкIа дунейпсо турнирхэм щытекIуащ.

Мельбурн щекIуэкIа XVI Олимп Джэгухэм (1956) я чемпионщ.

Рим къалэм щекIуэкIа XVII Олимп Джэгухэм етIуанэ увыпIэр щызыIэригъэхьащ. КъыкIэлъыкIуэу Токио щыIа Олимпиадэм ещанэ щыхъуащ.

Къаплъэн Хьэмид и цIэр дыщэ хьэрфхэмкIэ дунейпсо спортым и тхыдэм иратхащ. Щыбанэ алэрыбгъур щибгынар и ныбжьыр илъэс 33-рэ хъуауэщ.



XXVIII Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа Тау Хьэсэнбий *(дзюдо)*



XXII Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа, Европэм и чемпион Емыжь Iэрамбий *(дзюдо)*



XIV Олимп Джэгухэм дыжьын медаль къыщызыхьа, Европэм и чемпион Жандемыр (Гугъэв) Адыл *(бэнэкIэ хуит)*



XV Олимп Джэгухэм жэз медаль къыщызыхьа, Европэм *(1949, 1956, 1957 гъгъ.)*, дунейм *(1951)* я чемпион Ючел (Бидэныкъуэ) Теуфикъ *(бэнэкIэ хуит)*

## XX Олимп Джэгухэм я чемпион Чыржын Мухьэрбий

Адыгейм щыIэ Куэшхьэблэ къэбэрдей къуажэм къыщалъхуащ. И ныбжьыр илъэс 22-рэ фIэкIа мыхъуауэ, СССР-м и чемпион цIэ лъапIэр атлетикэ хьэлъэмкIэ къихьэхури, и хьэлъагъым хэтхэм ящыщу илъэситхукIэ зыри къыпэлъэщакъым. Мызэ-мытIэу дунейпсо рекордхэр игъэуващ, Европэми дуней псоми тIорытIэ я чемпион хъуащ. А лъагапIэ инхэм 1972 гъэм олимп дыщэ медалыр гъусэ яхуищIыфащ.

Мухьэрбий и дыщэ медалыр совет спортсменхэм я дежкIэ Мюнхен щыяпэт. Абы адрейхэми тегушхуэныгъэ къаритащ икIи зэхьэзэхуэр ехъулIэныгъэкIэ ирагъэкIуэкIащ.



# Стихи поэтов черкесского зарубежья в переводах Георгия Яропольского

## Ахмед Шауки



### Я не могу тебя не помнить

Мне хочется стереть твой образ,
Но не могу его не помнить.
Я создаю меж нами пропасть,
Но память все спешит заполнить.

Едва решусь тебя оставить,
Уходит сон, и тяжко это,
А сны высвечивает память -
Мне от ее не скрыться света!

К прекрасному потянет душу,
Чтоб снова расцвести, согреться, -
Я тут же снова обнаружу:
Тебя не вынуть мне из сердца.

А сердце – сердце не железно:
Лить слезы заставляет память,
Да только это бесполезно -
Твой лед слезами не расплавить.

Пусть голову склонять мне стыдно
Пред гордостью твоей всечасно,
Иного выхода не видно -
Мое мне сердце неподвластно.

Отдушина - в одном лишь зелье,
Но дозы горя не утопят.
Кто мне поднес, суля веселье,
Бокал с вином, да будет проклят!

Не стал я пить до дна бокала -
Все вина да впадут в немилость…
В моей душе весна настала,
И роза в сердце распустилась!

*Египет, 1917 год*

## Фейсал Кат



* * *

Адыга гладь озёрных вод
Как мягкая постель зовет.
Он ляжет, глядя на восток,
Он ждет, когда взойдет росток.

* * *

В горе, словно в зеркало для тьмы,
Этой ночью посмотрелись мы.
Только утро глянуло в оконце,
Чтобы расчесать лучи у Солнца.

* * *

Любовь – это древо, где ветры поют,
Где спящая птица находит приют.
И ветры разбудят проспавшую птицу,
И та им расскажет, что дереву снится.

* * *

Колбу времени держит рука,
Время сыпется струйкой песка.
За минутой минута бежит,
Утекает сквозь горлышко жизнь.
Пробегают минута и час -
И Конец не забудет о нас.

* * *

Прячется в дупле слепая птица…
Пусть рассвет ей радостный приснится!
Только Солнце в небе встанет снова,
Станет птица зрячa и здорова!

* * *

За мой короткий век
Меня простите, травы,
Вы в сердца глубине
Взошли, чтоб долго жить.
И ты меня прости, короткая дорога,
Короткий путь - прямой,
Мне некогда кружить…

* * *

Я женщину благодарю за то,
Что помогла мне сделать первый шаг.
За то, что речь опять ко мне вернулась,
За шум дождя, что языком родным
Опять журчит и пульсом бьется в венах.

* * *

Если дашь мне немного надежды,
С горсткой неба ее размешаю,
Этим клеем я прочно заклею
Лист разорванной нашей любви.

*2007 год*
*Иордания, г. Нахур*

## Махмуд Сами-аль Баруди (Наурзоко)

### Любовь



Появляется во сне
Та, что я зову любовью,
Снова даль дарует мне,
Наклоняясь к изголовью.

Так не любят и богинь!
Со своим целебным взглядом
Этой ночью не покинь
Ты меня - со смертью рядом.

Распрекрасные глаза
Иногда терзают сушью,
Ты же, горестям гроза,
Врачевать способна душу.

В моем сердце жар такой -
За тебя страшусь немало:
Если б слез не лил рекой,
Ты б давно золою стала.

Что же медлишь, не спешишь
Ты душе моей на помощь?
Лишь вдвоем осилим тишь
В эту мертвенную полночь!

Той, что плачет надо мной,
Вид мой бледный так несносен…
Заунывной пеленой
Моросит над миром осень.

В тайны сердца ветер вник,
А душа твоя - голубка -
Все подхватывает вмиг,
Впитывая их, как губка.

И правдивый сказ любви
Вьется, словно птичья стая,
Вдохновение в крови
У поэтов пробуждая.

Эти тайны в глубине
Сердца юноша упрячет,
Их душе своей вовне
Дарит девушка - и плачет.

Все врачи мне не указ -
Знаю, в чем болезнь подробно,
И не надо мне лекарств -
Исцелить лишь ты способна.

Ты сама причины взвесь -
Почему недуг мне сладок?
Отдаю ему я весь
Жизни трепетный остаток.

Не пугайся, если лев
Проревет в ночи нежданно -
Это страсть моя, не гнев,
В чаще бродит неустанно.

Много раз пытал судьбу -
Лишь с тобой бессильна сила:
Ведь сквозь сердце ты тропу
Терпким взглядом проложила.

И камням не устоять
Перед этим взором милым -
Те оковы разорвать
Смертным просто не по силам!

Почему же без вины
Ополчилась на меня ты?
Злобы замыслы полны
У людей, что не крылаты!

Тихо бродит вокруг нас
Окаянный, лютый недруг:
Для него веселья час,
Коль упрек ты бросишь мне вдруг!

Не таился бы злодей
С кислым взглядом вороватым
Меж порядочных людей -
Брат вражды не знал бы
с братом.

Солнце сыщет ли черту,
Чтобы встретиться с луною?
Где найти дорогу ту,
Чтобы сделалась одною?

Подари надежду мне,
Пусть окажется обманом!
Исцелюсь хоть не вполне,
Все же с сердцем крепче станем.

Мне доверься - ото всех
Сберегу твою я тайну!
Доносительство же - грех,
Повторять я не устану.

Выкажем же, не боясь,
То, что наши души полнит, -
А всем тем, кто лжет про нас,
Пусть судьба о том напомнит.

Яму всяк, что ложь пригрел,
Вырыл сам себе беспечно!
Дай Аллах, чтоб их удел
Был - промахиваться вечно.

Чистота и прямота -
Счастье с ними лишь приманим,
А сомнений маета
Станет разочарованьем.

Коль тобой нехожен край,
Берегись песков зыбучих,
Ветер в поле не хватай,
Не лови в степи колючник!

*Египет, 1881 год*

## Исам Уджуху

### Эхо исторических дорог

Тем думам, что ночами осаждают,
В походы отправлять меня по нраву.
Они меня упорно возвращают
К тому, что прошлым сделалось далеким,
И я опять истории дыханье
В безмолвии звенящем ясно слышу.

Вот и сегодня я отправился
В путь тот далекий,
С историей не смог я разминуться.
Передо мной ее отрезок ожил,
Которому уже столетий много:
Век золотой то был родного края,
Век торжества законов благородства,
А мир, адыгов древних почитая,
Себя по моему народу мерил…

Потом перед глазами век другой,
Когда стояли в битвах горцы насмерть
Перед врагом, что мирную отчизну
Расстреливал из пушек!
Мой народ
Свободы ради лишь и воевал.
Гнев и война
Пожрать весь мир готовы!
От возмущенья камни могут лопнуть…
Но, голову склонив перед врагом,
Отчизна ни на шаг не отступила…

Был третий путь -
Изгнания дорога.
Трагичнее других был этот путь -
Он убивал сердца, рвал души людям:
Обочины его, сплошь в детских трупах,
Тянулись и тянулись бесконечно,
И старцы не стеснялись горьких слез,
А девушек с красой незамутненной,
Юней весны и родников хрустальней,
Сгоняли в плен рожденные собакой,
И песня-плач звучала неумолчно.

Пучины моря Черного навеки
Заглатывали наши корабли.
Безжалостно народ наш убивали,
Разбрасывали по миру его.

Те, на кого надеялись мы, как
На верных и порядочных соседей,
Бесстыдно торговали нашей кровью
И честью не гнушались торговать.
Ничтожные стервятники, слетаясь,
Точили свои зубы на адыгов…

Абхазия встает перед глазами -
Народ без злых задумок, безоружный.



Шакалам взор, как прежде, застит ярость -
А жалость им, как прежде, невдомек.
Но кривда правду одолеть не в силах!
Черкесск, Майкоп и Нальчик -
все на помощь
Пришли в минуту испытаний грозных.
Когда народ сплочен, когда он вместе,
Как дети одного отца, - тогда
Он выдержать любую тяжесть может…

Рассёдлывать коней не помышляя,
Народ наш и сегодня длит свой путь.

*1999 год*
*Сирия, г. Алеппо*

## Метин Меретуко

### В ожидании вестей

Как же больно мне и тяжко!
Беды новой ищут дани…
Разве ты забыла, пташка,
Что душа моя на грани?

Мне и полдень словно полночь.
Мой Кавказ! Узнать бы, что там…
Говорил тебе я, помнишь,
В миг перед твоим отлетом:

«Свой рассказ тебе вручаю –
Полетай с ним через море
И пропой родному краю,
Что чужбина множит горе».

Жду тебя я, пташка, ныне,
Провозвестница свободы,
Пребывая здесь в пустыне,
Где и месяцы что годы.

Ты вернуться не готова
Из возлюбленного края,
Но я помню, помню слово,
Что дала ты, улетая:

«Коль в силок не попадусь я,
Принесу с Кавказа вести
И привет от Приэльбрусья
С ними я доставлю вместе».

Срок убавиться не хочет
И на сердце давит тяжко;
Не проходят дни и ночи –
Но все жду тебя я, пташка!

*1987 год*
*Голландия, г. Амстердам*

## Четин Гогутль

### Адыг

Неутомимый всадник,
В этом мире
Вершу столетий сорок
Я свой путь,
И тело стало закаленней
стали,
А крылья - крепче,
Чем могучий дуб.

Лишь на меня
Надеется надежда -
Ведь это я
Сумел пройти сквозь мрак.
Мне силы дали
Горные вершины,
Взрастил мой дух
Бурливых рек разбег.

У богов отнял я огонь,
И стали
Они как я,
Хоть не хотелось им.
И в прошлом дне,
И в нынешнем,
И в завтра -
Повсюду мои метки
Различимы.

История моя
Из дальней дали:
Часть хеттская во мне
И хаттов часть.
Кровь Хатушили есть,
Есть кровь Мидаса,
И Нефертити
Кровь во мне течет.

От одного -
По линии отцовской,



Кровь от другого -
Та по материнской,
А третья - мне сестра.
В таком родстве
Живу на свете
Множество столетий.

Не сын я Солнца -
Сам подобен Солнцу.
Египетская часть
С французской рядом,
Моя родня -
И Вавилон, и Рим,
И Византия
Наряду с Алманом.

Я -
Азия, Европа и Андола,
Я -
Их объединяющий Кавказ.
Я - Прометей,
Сын Сатанея - я же.
Я - тот,
Кого прозвали Спартаком.

Я - сторона,
Лежащая в тени,
Я - сторона,
Охваченная солнцем,
Я - и Восток, и Запад -
В равной мере.

Мой дед - Адам,
А Ева -
Моя бабка.
Их выгнали из рая,
Когда вместе
Они решились надкусить
Тот плод,
Что с виду мнился
Яблоком обычным.

Историю мою
И в Торе сыщешь,
И в Библии увидишь,
И в Коране.
«Ты их обязан знать,
Вот и читай!» -
Сказал Бог твердо.
Я повиновался.

Я - тот Давид,
Кем Голиаф повержен,
Я - Иисус,
Рожденный в Назарете.
История моя
Конца не знает,
Я крест свой
На вершину поднимаю.

Сын Времени,
Язычников надгробья
Я сокрушил…
Коль спросите,
Я из какого рода,
Ответ мой будет краток:
Я - адыг.

*2001 год*
*Турция, г. Анкара*



Истамбыл дэт мэжджытхэм ящыщ зы.

## Зейн Кандур



### Оконное стекло

В любое время, как ни тяжело,
Выглядывай из крепости своей,
Смотри через оконное стекло,
Мир собственный создать притом сумей.

Возможно только Богу одному
Мятущуюся душу одолеть.
А может, не по силам и Ему?
А ты? Перешибет ли обух плеть?

Скажи, что сможешь, что перешибешь,
Что справишься с задачей - с этой, с той.
Коль восторжествовала в мире ложь,
Пустоты заполняют пустотой.

Улыбка эта лживая твоя -
И, ей под стать, обманные слова…
Лежит лишь ложь в основе бытия -
А значит, только видимость права!

### Добро пожаловать!

День изо дня, без проволочек праздных,
Небесный свет вливается в окно.
Случается, в ночи души увязнув,
Сливается он в смутное пятно.

Лучи, вам рада! Вы ли не охочи
Мне пособить в душе рассеять тень –
И разделить мой путь сквозь дебри ночи,
И сотворить со мною вместе день?

Сумеете ли, душу согревая,
Врага тепла и света одолеть?
Иль тьма ночная - рана ножевая -
Свет уничтожит, чтоб не ожил впредь?

Что дальше - смерть? О, тусклое оконце!
Что делать с этим холодом в груди?
Разбей стекло, фильтрующее Солнце,
И душу из тенет освободи.

Коль щит пропал, покой души хранящий,
Коль солнце может только ослепить,
То у кого отваги настоящей
Достанет, чтобы то стекло разбить?!

Мы временами пестуем молитвы,
Мы временами взращиваем грусть,
А временами мы в пожаре битвы
Уничтожаем мир, крича: «И пусть!..»

Душа, что на попятный ход решилась,
Живет, увы, одним вчерашним днем -
И тут же местью делается милость,
И теплота становится огнем.

Пожалуйста, скажи мне, что сумеешь
Перемениться, сделаться другим.
Все это не пустяк, пойми, не мелочь -
Не обращай мои надежды в дым.

Пусть луч мой осветит мне путь-дорогу,
Не позволяя в сумерках плутать,
Чтоб знать мне, где могу поставить ногу,
Не погрязая в затхлости опять.

Ложь, скрытая душой, - подпор секрету,
А тот сулит разрдорную межу…
Шепча: «Добро пожаловать!» - рассвету,
Сама ему навстречу выхожу.

* * *

Мысли несутся бурливой рекой…
Не потому ли опять ускользает
Призрак манящий – сердечный покой?
Знаков объезда удел мой не знает!

Часто меня обижают в миру,
Гордость, однако, уступок не терпит…
Снова стою на холодном ветру -
Тот мне и душу и волосы треплет.

Слишком я чувством склонна дорожить,
Чтоб его прятать под гомон невнятный;
Слишком мне мало осталось прожить,
Чтоб повернуться, пойти на попятный.

Лживая юность теперь отошла,
Глупость мою обнажая, как взморье.
Время отлива - слова и дела
Ясно видны в откровенном позоре.

Но безрассудство надежду опять
Будит, забыв про пощаду и жалость,
И чудеса заставляет искать,
Коих еще никогда не случалось.

Гонит туда, где обещан покой,
Тащит туда, где мечты станут явью…
Мысли клокочут бурливой рекой,
Чтоб уготовить себе же расправу.

Смерть - пик всей жизни, и движемся мы
К будущей пропасти без остановок -
Свет предвкушая, в объятия тьмы
Каждый из нас угождает, неловок.

Думаем - нет, далеко до беды,
Мним - через миг разберемся и в мудром…
Грустно: мы все оставляем следы -
Ветер холодный сметает их утром.

*2005 год*
*Иордания, г. Амман*

# Зыгъэпсэхугъуэ махуэм
# Малъхъэдис

● ГушыIэ

## ИужькIэ зэщIэбгъэнэнщ

Дзэм къулыкъу щызыщIэ щIалэм полковникыр бгъэдохьэ:

- НакIуэ, нэхъыщхьэм сриджащи, сыпшэн хуейщ.

- Ныбжьэгъу полковник, машинэр схузэщIэгъанэркъым.

- УемылIалIэ. Япэ щIыкIэ сыши, итIанэ зэщIэбгъэнэнщ.

●Шхыныгъуэхэр

## ШэкIэ щIа хъынкIэл хьэнтхъупс

Шыуаным псы щIыIэ ирагъэжыхьри шэ иракIэ. ЗэIащIэурэ зэ къытрагъэкъуалъэ, шыгъу хадзэ, итIанэ зэIащIэурэ хъынкIэлыр хакIутэ. МафIэр щабэ ящIри, зэIащIэурэ хьэзыр хъуху ягъавэ. ХъынкIэл вар пэшхьэкум къытрахри, бжьын гъэлыбжьа традзэ, шкIэплъыпс тракIэ. ЩIакхъуэ е лэкъум дашх.

*Халъхьэхэр* (зы цIыху Iыхьэ):

**Шэ щIэмыхуу** - грамм 500

**Шыгъуу** - узыхуейм хуэдиз

*ХъынкIэлым халъхьэхэр:*

**Гуэдз хьэжыгъэу** - грамм 60

**Псыуэ** - грамм 15

**ДжэдыкIэ ныкъуэ**

**Шыгъуу** - узыхуейм хуэдиз

**Бжьын гъэлыбжьам:**

**Тхъууэ** - грамм 20

**Бжьыныщхьэ укъэбзауэ** - грамм 15

**Шыбжий сыр хьэжауэ** - узыхуейм хуэдиз

**ШкIэплъыпсу** - грамми 10

## Мэжаджэ щIакхъуэ, пщагъэ хэлъу

Нартыху хьэжыгъэ ухуэнщIар тепщэчышхуэм иракIутэри, шыгъу зыхэдза псы къэкъуэлъакIэ япщ, бэлагъкIэ зэIащIэурэ. Ар и пщтырагъыр градус 30-35-м нэсыху ягъэупщIыIури, псы къэкъуэлъам щыщу къэна хуабэпцIым пщагъэри шыгъури хагъэткIухьри, нартыху хьэжыгъэ тхьэв пщам хакIэж. Гуэдз хьэжыгъэ хакIутэри, тхьэвыр зэхэзэрыхьыхукIэ IэкIэ япщ, хъыдан трапхъуэри, сыхьэтиплIсыхьэтитхукIэ щагъэтыну хуабапIэм щагъэув, къэтэджын щхьэкIэ. Хьэзыр хъуа тхьэвыр щэ дагъэ зыщыхуа тебэм и зэхуэдитIым къыфIэкIыу иралъхьэ, тхьэвыщхьэр захуэ ящI, тебащхьэр трапIэжри, абы и щхьэм яжьэ пщтыр тракIутэ, мафIэ дэпхэр тратхъуэжри хьэзыр хъуху ягъажьэ зы сыхьэт нэблагъэкIэ. Мэжаджэ щIакхъуэр хуабэу Iэнэм трагъэувэ. Шатэ, шху дашх, къалмыкъ шей докIу.

*Халъхьэхэр:*

**Нартыху хьэжыгъэу** - грамм 700

**Гуэдз хьэжыгъэу** - грамм 300

**Псыуэ** - грамм 400

**Пщагъэу** - грамм 60

**Тебэщыхуэу, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.**

КЪУБАТИЙ Борис.

●ХъыбарегъащIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщызэрагъэпэщ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я бынхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэ.

Абы зыхевгъэтхэнумэ, зыкъытхуэвгъазэ хъунущ мы телефонхэмкIэ: **960-691, 8-960-431-93-12, 8-928-084-14-46.** ФыкъыщыкIуэкIэ паспорт фIыгъын хуейщ. Апхуэдэу къызэдэфщтэ хъунущ хэкIуэдахэм я сурэту, къагъэхьа письмоуэ, наградэу къыфхуэнауэ фиIэхэр.

***«Поиск» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэм и совет.***

**НапэкIуэцIыр зыгъэхьэзырар НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

● Псалъэ шэрыуэхэр

## Емыса лэгъупэжь хъурэ

***Дзы зиIэ и нэIэ тетщ.***

Зытешыныхь, зытеукIытыхь гуэр зиIэ цIыхур бэлэрыгъыркъым: а зыгъэгузавэ дыдэр псоми я Iуэхуу къыщохъу абы.

***Емыса лэгъупэжь хъурэ.***

IэнатIэ, Iуэху гуэрым къигъэувхэр ягъэзащIэу зэремысар, абыхэм зэрыхуэмышэрыуэр къэрагъэлъагъуэу жаIэ хабзэщ.

***Жыгыжьыр иту, жыгыщIэр йобэт.***

«ЛIэныгъэр жьыгъэ-щIагъэкъым» жыхуиIэщ: жьы хъуар къанэу, щIалэ дыдэр дунейм ехыжынкIэ мэхъу.

***Жьабэ нэхърэ шабэ нэхъ шэрыуэщ, шабэ нэхърэ жьабэ нэхъ губзыгъэщ.***

Мы псалъэжьым къикIыр, дэ къызэрыдгурыIуэмкIэ, узытеплъар къебгъэпсыхыфу шэрыуэ ухъун папщIэ, псалъэкъым узыхуейр - атIэ нэщанэ уеуэурэ зэрызебгъэсэн, шэ куэду уиIэн зэрыхуейрщ. Ауэ цIыхур сыт хуэдэу мышэрыуэми, абы и Iущагъыр къэзыгъэлъагъуэр къыжьэдэкI псалъэрщ.

***Мастэ гуапэщи, мастэ гуауэщ.***

ЦIыхум зытIэкIукIэ и гуапэ пхуэщIынущ, зытIэкIукIи и жагъуэ пхуэщIынущ.

***ПащIэм къимыхьар жьакIэм къихьыжыркъым.***

УщыщIалэм къыпхуэмылэжьар уи жьыщхьэ къыпхуэлэжьыжынукъым.

***Псы Iуфэм Iусым псы икIыпIэр ещIэ.***

Щхьэж езыр зэрыс, зыпыщIа щIыпIэм, абы къыщыхъу-къыщыщIэхэм нэхъ щыгъуазэщ, а щIыпIэм щымыщхэм нэхърэ.

ЩАУЭ Къэлидар.

● Дунейм и телъыджэщэ



«Дыщэ куэбжэ» лъэмыжым 1937 гъэм Сан-Францискэ къалэм (США) лэжьэн щыщIидзащ. Абы и кIыхьагъщ метр 2727-рэ.

● Сабий джэгукIэхэр

## Дамэгъэв

ЩIАЛЭ цIыкIухэр тIурытIу зэдэджэгуу щытащ. Я ныбжькIэ, я хьэлъагъпсынщIагъкIэ зэхуэдизу щIалэ цIыкIуитIым пхъэидзэ ящIырти, зэхагъэкIырт хэт япэ «шэсынуми». Зи пхъэ къикIар адрейм и пщэдыкъым дэтIысхьэрт, и лъакъуитIыр «шым» и гупэмкIэ едзыхауэ. Пщэдыкъым дэсым зи пщэдыкъым дэсым и щхьи, и дами, и блыпкъи иубыд хъунукъым. Абы щыгъуэми зи пщэдыкъ дэсым дауэрэ зищIми хэтщ. Ар долъей, къолъых, зегъэщхъ, бгъукIэ зегъэщIей, ауэ дэIэбейуэ и пщэдыкъым дэсыр IэкIэ кърилъэфэхыу хэткъым.

Аращи, зыр хущIокъу нэхъыбэрэ пщэдыкъым зэрыдэсыным, мыдрейри хуейщ и пщэдыкъым дэсыр нэхъ псынщIэIуэу къридзыхыу зызэрахъуэкIыну. И пщэдыкъым дэсыр нэхъ псынщIэу къридзыхын щхьэкIэ, мыдрейм зригъэзыхыурэ джэламэ (зэтеджалэмэ), хэткъым. Ауэ езыр зэфIэту, щIым IэкIэ емыIусауэ къанэрэ и пщэдыкъым дэсар къригъэхуэхмэ, абы щыгъуэ зызэрахъуэкI.

Пщэдыкъым дэсым и лъакъуитIыр зи пщэдыкъым дэсым и гупэмкIэ щызэридзэу хэткъым. Ещхьыркъабзэу, куэпкъхэмкIэ абы и пщэр икъуз хъунукъым. «Шууейм» и лъакъуэхэр и блэгущIитIымкIэ щIихыу и щIыбагъымкIэ щызэридзэ, щызэригъэубыд хъунущ, ауэ абы щыгъуэм ар зи пщэдыкъ дэсым нэхъ игъэбэлэрыгъыу кърригъэхуэхыфыну Iэмал нэхъ щыIэщ. Пщэдыкъым дэсыр кърригъэхуэхамэ, езыр и джэгуэгъум и пщэдыкъым дотIысхьэри, адэкIэ пащэ.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

● ГъащIэ теплъэгъуэ

## Хьэр хэт ебуштми...

ЛIы зэIэщIэлът ар, нэ пIащэ, щхьэ плIимэ-щхьэ гъум хъужауэ, зыгуэрхэр жиIэрэ къикъуэлъыкIыу дыхьэшхыжу. Къэгъуэтыгъуейт абы хуэдэ псалъэхуэIэзэ. Сэ схуэдэ ныбжьэгъу пэж, цIыху зэтет щымыIэу щиIуэжурэ, сыщигъэукIытэр нэхъыбэт. Ар сэркIэ апхуэдэу щIыщытыр гурыIуэгъуэт. Абы зыщIыпIэ зыгуэрхэр щызэхигъэззэрыхьщ, а здэщыIам къыщагъэлъейри, щхьэегъэзыпIэу къызэтIысылIауэ арат.

ЦIыкIуми инми къытхуэгуапэу, Iэсэ-Iэдэбщ зыхужыуигъэIэу къытхэст унагъуэм. КIуэ и дыхьэшхыкIэмрэ къызэрысщытхъуIуэмрэ уэим умыщIмэ, адрей и щытыкIэм IейкIэ ущIытепсэлъыхьынышхуэ щыIэ хуэдэтэкъым.

НтIэ псори хъуа-щIауэ, тэрэз-тэмэм защIэу, узэрыхуей дыдэм хуэдэу екIуэкIынт сытми? ГъащIэр зэмыплъыфэ-зэхэджа-зэхэIуэнтIэжа защIэкъэ-тIэ езыр, къуищIэфынумрэ къыплъыкъуигъэкIыфынумрэ умыщIэу? Си Iуэхур мэбгъунлъэ. Мэбгъунлъэри, сыщхьэлажьэу, сыхэплъэ-сеплъыхыу утыкум сыкъонэ. Арати, си ныбжьэгъу Купсэр - дуп - мэбзэх; бгъуэтмэ, къащтэ. Ти нэгъуэщI тIысыпIэ, щхьэегъэзыпIэ къигъуэтауэ къыщIокI. Пэжыр жыпIэмэ, ар нэхъ тыншыпIэт, тIысыпIэщIэр сыткIи нэхъ хуэщIат.

Зи хущхьэ хъум и бзум иджы нэгъуэщI пщIантIэм къыщреш уэрэд, и ныбжьэгъущIэм щытхъупсыр тезыгъэлъадэ уэрэд. Уафэм докIуейри къохыж, ар зэтIысылIам хуэдэ цIыху дыщэ щымыIэу жиIэу.

Уэрэдыр зыхуаусари дуней гуфIэгъуэм зэщIеIэтэ. «Абы сэ щхьэкIэ сытри хузэфIэкIынущ, си жагъуэгъухэр, си мылъкур зи нэхэм бжэгъуу щIэуэхэр, сыщыхуей дыдэм деж, чэнэгунэ езгъэщIыфынущ», - жи абы, псоми зэхахыу.

Аращ: хьэр ишх нэхъ здэщыIэм макIуэри, хэт ебуштми, йобэн.

ГЪЭУНЭ Борис.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **1.** Хуэм дыдэу къэзыкIухь псэущхьэ, псыми щIылъэми щыпсэуфу. **7.** ХадэхэкI. **8.** Плъыжьыфэ. **12.** ГуащIэдэкI Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь ... Хьэлий. **13.** Дзыдзэ лъэпкъым щыщ псэущхьэ. **14.** Iэгум трещIэ. **15.** Лъахъстэн вакъэ пIащIэ. **17.** ТхъуцIынэ щIэпхумэ къанэр. **18.** Къэбэрдей адыгэ тхакIуэ. **19.** МахуэцIэ. **20.** Уафэм къех псыIагъэ. **25.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар махъшэм тесми хьэр къодзакъэ. **26.** Нарт лIыхъужь. **29.** Зимыхьэпшып щэхуу зыгъэкIуасэ. **30.** Уи щхьэ мыузым ... иумышэкI. **31.** Пасэрей зэрыпыджэ Iэщэ. **33.** МафIэс ин. **37.** Зи ... исым и уэрэд жеIэ. **40.** Данэ щэкI цIу пIащIэ. **42.** Пасэрей Iэщэ. Ди зэманми спорт лIэужьыгъуэу щыIэщ, абыкIэ иризэпеуэу. **43.** ЩIалэ цIыкIум и джанэр ... ищIащ. **44.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ. **45.** ХьэпIацIэ къарууфIэ цIыкIу. **46.** Къуаншагъэ зылэжьам тралъхьэ къуэды.

***Къехыу:*** **1.** Аруан районым хиубыдэ къуажэ. **2.** ЦIыхум и гум щигъафIэ Iуэхугъуэ гуэр. **3.** Кхъуейр хаха нэужь къанэ псыр. **4.** УщIэгузэвэни ущIэдыхьэшхыни зыхэлъ Iуэху. **5.** Пхъэщхьэмыщхьэ: уи дзэр мыбыдэмэ, пшхыну ухуемыжьэ, IуищIыкIынщ. **6.** Гупым ирагъэкIуэкI псалъэмакъ. **9.** Гъэш ... **10.** Гъатхэм дэнэ щIыпIи щыбагъуэ удз щхьэ гъуэжь. **11.** ЗэрышагъащIэхэм я пэш. **16.** ГуфIэгъуэ Iэнэм и нэхъыжь. **17.** Ди республикэм пэгъунэгъу къалэ, адыгэцIэ иIэу. **21.** Абы имытмэ, лъакъуэм и мыгъуагъэщ. **22.** Нало Заур и япэ IэщIагъэу щытар. **23.** Пхъэ кIапэ: уимыIуэху зепхуэмэ, уи щхьэм къытехуэнкIэ хъунущ. **24.** Къурш лъэныкъуэмкIэ къриху жьы щIыIэтыIэ. **27.** Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и ректору щыта. **28.** Жыг лIэужьыгъуэ - пхъэ пшынэ, шыкIэпшынэ къыхащIыкIыу. **32.** Мэлыхъуэ пщыIэ. **34.** ... ищта нэхъей, Iэнэм пэрыс щIалэм ерыскъыкIэ зигъэнщIыртэкъым. **35.** КъэзышагъащIэм къыкъуэт ныбжьэгъу. **36.** ЦIыхухъуцIэ е КIыщокъуэ Алим и «Хъуэпсэгъуэ нур» романым хэт лIыхъужь. **38.** УэрэджыIакIуэ Iэзэу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щIыхь зиIэ и артист ... Юрэ. **39.** Япэ адыгэ щIэныгъэлIхэм, узэщIакIуэхэм ящыщщ. Абы и цIэр зэрехьэ Налшык и зы уэрамым. **41.** Щхьэусыгъуэ гуэркIэ жылэм дэкIауэ зызыгъэпщкIу цIыхум апхуэдэу еджэу щытащ.



*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***Мэкъуауэгъуэм и 2-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1.** Гуащэ. **5.** КIарц. **8.** Щэращ. **9.** Къундуз. **10.** Акъмыкъ. **13.** Ду. **16.** Пкъы. **20.** Ес. **21.** Жэпкъ. **22.** Бжэмышх. **23.** Къузгъун. **24.** Нэбгъэф. **27.** Къуий. **28.** Псыбыб. **30.** Арщыдан. **31.** Бжэндэхъу. **35.** Беслъэн. **36.** Нау. **37.** Лъэхъэнэ. **38.** Заул. **40.** Шэрихьэт. **42.** Шыпхъу. **43.** Хы. **44.** Вэгъу. **46.** Гулъ. **51.** Набгъэ. **52.** Унажэ. **53.** АдрыщI. **54.** Жинт. **55.** Бжьын.

***Къехыу:*** **1.** Гуанэ. **2.** Щауэ. **3.** Хьэрып. **4.** Къанлы. **6.** Аркъэ. **7.** Црым. **11.** Адэжынэ. **12.** Псынабэ. **14.** Хьэкъ. **15.** Къэб. **17.** Къамбий. **18.** Уэх. **19.** Щыкъу. **25.** Борис. **26.** Фэдэн. **28.** Пшэплъ. **29.** Бжьэпэ. **32.** Абазэхэ. **33.** Баринэ. **34.** Iэпхъуалъэ. **39.** Лыжь. **40.** Шыд. **41.** Тут. **42.** Шэху. **44.** Вандэ. **45.** Гъуэдыдж. **47.** Къанж. **48.** Бгъэн. **49.** Къуныжь. **50.** Бжэн.

● ГъэщIэгъуэнщ

## Бзухэм я бзэм и щэхур

ЦIыхур хуабжьу Iэгу щеуэм деж абы и Iэпкълъэпкъым къыпкърыкI хуабэр хуэдэ 1,4-кIэ нэхъыбэ мэхъу. Ягу ирихьа концерт е спектакль еплъауэ цIыху 3.500-м зэгъусэу Iэгуауэшхуэ щаIэтым деж, зал кIуэцIым и хуабагъэр хуэдизщ щIымахуэ лъэхъэнэм пэшых хъу унэ тIощI къэзыгъэплъыфыным.

* * *

Париж дэт Эйфель и чэщанэ цIэрыIуэм, щIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, пщэдджыжьым сантиметр 15-кIэ къухьэпIэмкIэ, махуэм - сантиметри 10-кIэ ищхъэрэмкIэ, пщыхьэщхьэм - сантиметр 70-кIэ къуэкIыпIэмкIэ зрегъэщI. Апхуэдэу лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэмкIэ зыщIригъэщIыр зэлъытар дыгъэм къыпкърыкI хуабэрщ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, щIыIэр градуси 10 щыхъум деж чэщанэр сантиметр 17-кIэ нэхъ кIэщI мэхъу.

* * *

Австралием щIыдагъэр къызэрыщрашэкIыр гъущI чейкIэкъым, атIэ каучукым къыхащIыкIа къэпхэрщ. Апхуэдэ зы къэпым щIыдагъэ тонным нэблагъэ йохуэ. Псом хуэмыдэу къэпыр щытыншыр щIыдагъэр кхъухьлъатэкIэ къепшэкIын хуей щыхъурщ. Ахэр узэрыхуейм хуэдэу зэтеплъхьэ зэрыхъум и фIыгъэкIэ, кхъухьлъатэм тыншу куэд пхуогъэзагъэ.

* * *

IэщIагъэлIхэм къызэрахутакIэ, цIыхум и нэм плъыфэу мин 17-м нэблагъэ зэхегъэкIыф, къелъагъуф. Ауэ, зэрыхуагъэфащэмкIэ, а бжыгъэр иджыри мащIэщ, цIыхум и нэхэм къалъагъуфым елъытауэ.

* * *

КъызэрыгуэкI къэрэндащкIэ километр 50-60 зи кIыхьагъ линие пхуитхъэнущ, е псалъэ мин 45-рэ пхуэтхынущ. КъызэрыщIэкIымкIэ, къэрэндащ лIэужьыгъуэу 570-рэ щыIэщ, я плъыфэхэр 70-м нос, я быдагъ елъытауэ лIэужьыгъуэ 18-уэ зэщхьэщокI.

* * *

Бэджыхъым и Iуданэ псыгъуэ цIыкIухэмкIэ дуней псор «къэпхухьауэ» щытамэ, абы и хьэлъагъыр грамм 450-рэ хъуну арат. Ауэ а бэджыхъыр нэхъ ди гъунэгъу дыдэ Альфэ вагъуэм нэс дэпшеймэ, килограммкIэтэкъым, килограмм пщIы бжыгъэкIэтэкъым къызэрупщынур, атIэ тонн мин 500 хъунут.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● Псом нэхърэ

## Нэхъыбэрэ зэрадзэкIар...

IэщIагъэлIхэм къызэрахутамкIэ, ди планетэм цIыхуу щыпсэурт: 1650 гъэм - мелуан 545-рэ; 1900 гъэм - мелард 1,600-рэ; 1961 гъэм - меларди 3,017.

ЦIыхухэм я бжыгъэм псынщIэ дыдэу хохъуэ. Зы сыхьэтым къриубыдэу дунейм къытохьэ цIыху 5.400-рэ.

* * *

Иужьрей илъэси 100-м кърубыдэу дуней псом щIыдагъэу къыщыщIашащ тонн мелард 13.

* * *

Тхылъ тедзэн зэрыщIадзэрэ цIэ зэмыщхьу мелуан 12 хуэдиз зиIэ тхылъхэр къыдэкIащ; газет, журнал тхыгъэу мелуан щэ бжыгъэхэр дунейм къытехьащ.

КъызэрабжамкIэ, тхылъхэм я бжыгъэм илъэсипщI къэс хуэдитIкIэ хохъуэ.

Ди къэралым и закъуэ тхылъ том зы меларддрэ ныкъуэрэ щахъумэ. Ахэр псори щIэхуэн папщIэ, библиотекэ мин 400-м щIигъу ящIащ.

* * *

Ленин Владимир и Iэдакъэ къыщIэкIа тхылъхэр хамэ къэралыбзэхэмкIэ зэрызэрадзэкIымкIэ япэ увыпIэ иIыгът 1900 гъэхэм. Лениным и тхылъхэр къэрал псоми миным щIигъурэ зэрадзэкIащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, Лениным и сочиненэхэм бзи 108-кIэ цIыхухэр йоджэф.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

*Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр къыщыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 14-рщ.*

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

**Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖьэкIэмыхъу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Шир дий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Истэпан Залинэ, Къардэн Маритэ, Хьэжыкъарэ Алик.**

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр



«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ къыдагъэкI.

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, епщIанэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; хъыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер IуэхущIапIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

*Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ:* жэуап зыхь секретарь Гъурыжь Мадинэ, жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Жэмыхъуэ Марианнэ, корректорхэу Щоджэн Иннэ, Щоджэн Заирэ, ЩхьэщэмыщI Изэ, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъухэу* Мырзэкъан ФатIимэ, Щомахуэ Залинэ. *КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* Дол Маринэ, Ныр Саидэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, *сурэтхэм елэжьар* Бицу Жаннэщ.

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 22.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.100 ● Заказ №1520